PANGAOS LANGGANAN:
Sasasih ƒ 1.70; sakwartaal ƒ 5.—
Loeareun Indonesia......... ƒ 7.50
Pamajaranana kedah ti pajoen.

AGENT DI EUROPA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
N. Z. Kolk 19, AMSTERDAM

„SIPATAHOENAN"

Hoofdred: Bakrie Soeraatmadja — Plv. Hfd. red. Mohamad Koerdie

Dikaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" saban dinten kadjab' Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun

Hoofdkantoor: Groote Postweg Oost No. 123 Bandoeng, Telf. Red No. 1520, Adm. No. 1520a, Telf Hoofdredacteur di imah No. 1530

Drukk. „Tjahja-Pasoendan" — Bandoeng

PANGAOS ADVERTENTIE:
Pangaos langganan tiasa badami.
pangsaeutikna sakali moeat ƒ 2.50
Sadjadjar kolom............ ƒ 0.25

AGENT DI INDONESIA:
Publiciteitskantoor „DE GLOBE"
Ryswyk 7B. BAT.-CENTRUM

No. 8 — 12 Januari 1935 — Saptoe — 6 Sjawal 1353 — Tahoen ka XII

Dikaloearkeun 2½ lambar — lambaran ka I

Pilihan Volksraad.

Koemaha beubeunanganana pilihan Volksraad pikeun kieskring ka I. West Java, kapan dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun.

Djoeragan Oto Iskandar di Nata, noe kapilih pangheulana dina 1e lezing, djoeragan Wiranatakoesoemah noe kadoea dina 1e lezing keneh. Ari djoeragan Thamrin dina 2e lezing.

Kitoe beubeunanganana pilihan noe anjar kaliwat teh.

Djadi noe kapilih teh henteu aja noe anjar, kabeh oge leden heubeul bae, sarta kabeneran pisan noe kapilih teh kabeh oge, djadi lid tina College van Gedelegeerden.

Lamoen rek dianggap strijd tea mah dina verkiezingsstrijd noe anjar kaliwat teh, henteu aja noe oenggoel pisan, henteu aja noe toena pisan, beubeunanganana meh rata, henteu aja noe meunang leuwih ti HIDJI.

Korsi gedong Pedjambon noe tiloe teh, keur bagian West Java beunangna koe pagoejoeban Pasoendan, koe P.P.B.B. djeung koe z.g. wilde groep.

Tah, koe ieu beubeunangan teh, ka oerangna djadi oekoeran, jen pagoejoeban Pasoendan leuwih ngabogaan kakoeatanana ti batan cooperator politieke partyen noe sedjen, lamoen dibandingkeun djeung B.O. atawa P.R.I. di West Java noe pada ngasongkeun tjalon - tjalonna ka Volksraad tea.

Dina kalangan pagoejoeban sagawe oge, nja eta di kalangan B.B. indonesier katembong jen P.P.B.B. leuwih ngabogaan kakoeatanana ti batan O.B.I.A. djeung V.A.I.B. noe henteu tinggaleun dina ngasongkeunana tjalon.

groep oge, ngabogaan kakoeatan pikeun ngasoepkeun tjalonna ka gedong Pedjambon tea.

Boeahna ieu pilihan teh, njoegemakeun atawa henteu ka sakoemna rahajat pangeusi tanah Pasoendan, eta mah goemantoeng kana anggapanana sewang-sewangan bae.

Ngan anoe tangtoe mah, ieu teh henteu matak njoegemakeun kana gemblengna pagoejoeban Pasoendan. Pagoejoeban Pasoendan noe ngarasa sarta ngakoe djadi pagoejoeban noe panggedena di tanah Pasoendan mah, noe ngakoe sarta ngarasa ngabogaan wawakil di Gemeente reudjeung Regentschapsraden noe lain saeutik djoemblahna.

Nganggap sarta ngaharep kana pangdeudeul ti sakabeh wawakil Pasoendan di locale raden anoe kaseboet tjikeneh tea, bakal mikeun stemna dina waktoena pilihan.

Tapi, matak handjakal koe hasilna noe henteu matak njoegemakeun tea.

Nja, dalah dikoemaha atoeh!

Sanadjan kitoe oge, henteu boeroeng hajang njeboetkeun, henteu moestahil pangna kieu teh, lantaran aja — sanadjan henteu kabeh — kiezer lid Pasoendan anoe henteu toekoeh njekelanana discipline, oedar tina djangdjina.

Bab ieu, tangtoe matak ngadatangkeun kahandjakalan ka sagemblengna pagoejoeban Pasoendan, sanadjan ieu teh ngan koe tamahana sawatara djalma noe henteu toekoeh tea bae.

Saha djalmana anoe kitoe, tangtoe hese pisan dikanjahokeunana.

Sanadjan pagoejoeban Pasoendan ngarasa aral oge, tapi teu beunang dipake aral, da geus kitoe boektina djeung kitoe kadjadianana.

Ngan bae tangtoe ka pagoejoeban Pasoendan djadi loeang, jen henteu oenggal djalma bisa mageuhan kana discipline teh, ari aja dina kalaloeasaan mah, tjara dina mikeun stemna ka tjalon leden Volksraad tea.

Noe geus kasorang ngan woengkoel djadi loeang!

Tapi di loehoer geus diseboetkeun, jen noe kapilih kana Volksraad ajeuna teh, kabeh oge aja dina rengrengan Gedelegeerden.

Ajeuna noe koedoe ditoenggoe teh, ngan kari pilihan leden Gedelegeerden bae, saha noe bakal kapilihna, henteu atjan bisa dikira-kira, sabab koedoe noenggoe heula, rengsena pilihan djeung ngabenoeman leden noe koedoe dibenoem.

Henteu moestahil lamoen kabeh oge kapilih deui kana leden Gedelegeerden ngan aja noe djadi soealan tel, nja eta djoeragan Wiranatakoesoemah.

Lain soealan kana kapilihna tapi kana kersaeun djeung henteuna, sabab lamoen andjeunna djadi deui Gedelegeerde di Volksraad, kapaksa koedoe liren tina djadina Boepati. Tangtoe andjeunna leuwih beurat kana pangkat Boepati, ti batan kana djadi Gedelegeerde, da ari Gedelegeerde mah ngan oekoer sasampeuran keur opat taoeneun.

Lamoen pagoejoeban Pasoendan bisa ngasoepkeun doea sok soemawonna nepi ka tiloe mah korsi gedelegeerde oge keur Pasoendan beunang diharep.

Kitoena deui moedah-moedahan bae.

Pamandangan noe leuwih djaoeh, henteu atjan perloe.

Pasoendan

Ti Garoet.

PATEMON BOBORAN SIAM.

Dina malem Rebo noe anjar kaliwat di gebouw P.G.I. Garoet koe Pasoendan & Pasi geus diajakeun receptie Lebaran (Patemon boboran Siam).

Ngahadja ngajakeun receptie Lebaran teh, lantaran kahidjigoenana teh pikeun soegri noe aja dina beungkeutan Pasoendan djeung Pasi mah, aja kasempetan geusan Silatoerachmi.

Sadjaba ti dinja geusan mileuleujankeun ka salah sahidji bestuur Pasoendan djeung bestuur Pasi noe dialihkeun ka Bandjarwangi.

Poekoel satengah salapan voorzitter Pasoendan djoeragan Barastan midamel boeboeka, sakoemaha biasa nganoehoenkeun ka soegri noe saroemping, ladjeng medarkeun roepi-roepi kaajaan noe toemiba (kalakonan) koe Pasoendan dina salebet taoen noe anjar kaliwat.

Moegi-moegi — saoer spr. — Pasoendan katoet Pasina dina taoen noe bakal kasorang sing ditebihkeun tina halangan haroengan sareng noe djaranten pangoeroes-pangeroesna katoet ledenna pantjeg adjeg aja dina kapanggeran.

Saterasna spreker ngoetjapkeun boboran Siam ka soegri anoe saroemping.

Saparantosna andjeunna masihan kasempetan ka soegri noe bade njarios, di antarana ti Pasoendan noe njarios djoeragan Mami, noe kasebat pandeuri medarkeun tina harti „Silatoerachmi" didjoedjoet tina harti „Poeasa djeung Lebaran".

Koe andjeunna diterang-terangkeun eta ketjap-ketjap noe tiloe roepa teh kagoenaanana boh dina harti djihat ka-agamaan boh dina harti djihat kadoenjaan.

Teras andjeunna berhoeboeng djeung Lebaran, njoehoenkeun dihampoenten bilih aja kalelepatan boh noe patali djeung dirina pribadi, boh noe patali djeung pada melanana dina kalangan Pasoendan.

Disamboeng koe djoeragan I. Soewardi, andjeunna oge sami ngoetjapkeun hampoenten tina sagala kaloeloepoetan; oge andjeunna sebagi bestuur P.G.I. njanggakeun pangemoet-ngemoet (gedachtenis) ka Secretaris P.G.I. njatana djoeragan Afandi noe ngalih tempat.

Ladjeng njarios djoeragan Angga, andjeunna njaroengsoemkana tjariosanana djoeragan Mamie tina harti „poeasa".

Ti Pasi anoe njarios djoeragan Alledja, oge andjeunna medarkeun tina hal ketjap „Lebaran" sareng sadjabina.

Ditoemboe deui koe djoeragan Endjo istri, andjeunna mileuleujankeun ka djoeragan Mintarsih, Bestuur Pasi (geureuhana, djoeragan Afandi) noe ngalih ka Bandjarwangi; bari ngahatoerkeun deui gedac...enis atas nami na Pasi.

Ti kalangan Pasoendan & Pasi teu weleh pada ngawiloedjengkeun ka para djoeragan Afandi sareng Mintarsih, anoe sakitoe sosom-sosonna pada kersa ngorbankeun tanaga dina pirang-pirang taoen terhadep ka pakoempoelanana noe ngagem toedjoean moelja.

Oge andjeunna (djoeragan Afandi) lain ngan dina kalangan Pasoendan bae actiefna teh, tapi dina kalangan vakbonden, dina kalangan cooperatieve vereenigingen teu boeroeng kaselir dia di pangoeroes.

Sadajana pada ngoetjap moegi-moegi arandjeunna miwah sapoetra garwa di tempat noe enggal sing kenging kawiloedjengan.

Saparantosna, ladjeng toeang leueut bari dipirig koe lagoe Soenda djeung Blanda.

Ti Djakarta.

ANOE NGADEUHEUS KA G.G.

Njamboeng kana bedja anoe geus dimoeatkeun dina ieu soerat kabar, jen G.G. maparin kalonggaran ka anoe mareunang gandjaran pikeun ngadeuheusan ka andjeunna nganoehoenkeun kana gandjaran anoe katarima tea.

Dina powe mangkoekna henteu koerang ti 20 oerang anoe geus daratang ka andjeunna babakoena ieu teh nja eta anoe mareunang bintang.

STEMKANTOOR VOLKSRAAD.

Milih leden Volksraad bagian tanah Pasoendan geus rengse sakoemaha noe geus ditjaritakeun.

Peuting kamari milih pikeun bagian Djawa Tengah, engke dina powe Senen milih pikeun bagian Djawa Wetan.

Powe Salasa pikeun bagian Soematra, powe Rebo pikeun bagian Menado, Celebes djeung Ambon powe Kemis pikeun leden bangsa Europa, ari dina powe Djoemaah pikeun leden bangsa Asing Timoer.

HIDJI TIONGHOA DJADI WADAL TRAM.

Dina powe Minggoe di Salemba geus aja kadjadian katjilakaan tram anoe kapaksa koedoe ngawadalkeun hidji bangsa Tionghoa.

Noeroetkeun katerangan kieu: Ieu Tionghoa teh toempak kareta mesin, sarta dina lebah simpangan djalan anoe dimaksoed koe manehna kapaksa koedoe meuntasan djalan tram tea, doeka koemaha deui, barang nepi kana rail manehna laboeh sarta teu sakoemaha lilana datang tram anoe teu sakoemaha djaoehna sarta hese pikeun njetopna, atoeh nja di dinja pisan kadjadianana katjilakaan teh. Soekoena djeung leungeunna aja anoe potong.

Noe tjilaka gantjang dikirimkeun ka C.B.Z.

Nepi ka ajeuna atjan aja deui bedja, naha ieu anoe tjilaka teh geus maot atawa atjan ngan noe noetkeun katerangan deui, manehna masih keneh koedoe bedrust.

BOEKTINA DINA PILIHAN VOLKSRAAD

Dina malem Djoemaah, ngamimitian poekoel 7 pantjeg, kantor pamilihan lid Volksraad (Volksraadsstemkantoor) diboeka pikeun milih 3 lid Volksraad bangsa Priboemi di bagian tanah Pasoendan.

Voorzitter ngamimitian moekaan boengkoesan soerat-soerat stembiljetten noe katampa, mimitina dipariksa heula elak djeung stempelna bisi aja noe roeksak, tapi kabeh oge harade keneh pisan, ngan di djerona aja sawatara stembiljetten anoe roeksak, sa enggeusna dibadamikeun, eta oge dianggap sah bae.

Noe katampa ti leden Gemeenteraad aja 32 stem, nja eta ti Batawi 12, ti Bogor 3, ti Bandoeng 9, ti Soekaboemi 2 djeung ti Tjirebon 6.

Ari ti regentschapsraden djoemblahna aja 325, djadi kabehna stem aja, sarta dianggap tjoekoep pikeun milih leden Volksraad bagian tanah Pasoendan tea, kabehna 357.

Netepkeun Kiesqoutient teh, eta djoemblah koedoe dibagi 3, sarta teroes ditambahan 1, djadi 89 diboeleudkeun djadi 90.

Eta kabeh stembiljetten teh diadoek (dikotjok) saenggeusna tarapti ditoempoekkeun sarta teroes dinomeran ti No. 1 nepi ka djoemblah noe panoengtoengan sa lobana stembiljetten tea.

Poekoel 7.10 voorzitter ngamimitian matjaan stembiljetten djenenganana tjalon-tjalon tea noe di toelis dina djadjaran pangloehoerna.

Saenggeusna dibatja nepi ka stembiljet No. 271, Djoeragan Oto Iskandar di Nata geus nepi kana kiesquotient (90 stem) sarta dianggap sah djadi lid Volksraad noe bakal datang.

Stembiljetten teroes dibatja, barang nepi kana stembiljet No. 311 djoeragan Wiranatakoesoemah anoe kapilih teh, ti kalangan P.P.B.B. Ieu oge dianggap sah pikeun djadi lid Volksraad noe bakal datang tea.

Dina eerste lezing geus rengse ajeuna malikan dina tweede lezing, dibatjaan deui tina stembiljetten No. 1 tjara tadi.

Samemeh matjaan dina tweede lezing teh, geus katembong djoeragan M.H. Thamrin meunang 67 stem, ari djoeragan Atik Soeardi meunang 19 stem. Ari tjalon noe sedjen-sedjenna mah, kabeh oge koerang ti 19.

Dina tweede lezing teh, noe pangheulana nepi kana kiesqoutient djoeragan M.H. Thamrin. Keur djoeragan M.H. Thamrin nepi kana kiesquotient teh (70 stem), djoeragan Atik Soeardi geus meunang 59 stem, djadi beunang diseboetkeun henteu sakoemaha gandjkuma.

Dina ieu balap teh, noe loempat panghareupna Thamrin reudjeung Atik, tapi pikeun Thamrin mah leuwih ngeunah, da dina ieu tweede lezing teh ngan kari nambahan 23 stem deui. Ari Atik Soeandi bisa ngoedag nepi ka 40 stem, ngan handjakal noe leuwih ti heula teh, kaboeroe nepi manten kana pal boreleng, djadi henteu bisa kasoesoel.

Pindahan Mantri-mantri Goeroe dibagian 2de ressort.

Ti mimiti tanggal 31 December 1934

1. Abas, Mantri Goeroe Soedimara, Meester Cornelis ka No. 7 Batawi.
2. Tb. Soeriaatmadja, Mampangprapatan, Mr. Cornelis, ka No. 3 Mr. Cornelis.
3. Abdoelgani alias Prawiraamidjaja, Balaradja, ka Tangerang, Batawi.
4. Kodi alias Wanamihardja, Tjigoegoer, Tasikmalaja, ka Kalidjati, Krawang.
5. Sarita alias Ranamihardja, Petir (Serang), ka Pasawahan Krawang.
6. Soetardja alias S. Wirjasendjaja, Boenihajoe (Krawang), ka Soebang (Krawang).
7. Eno alias Wiriadinata, No. 16 Batawi, ka Tjening, Pandeglang.
8. Soewandi alias Soekarna, Djampangkoelon, Soekaboemi, ka No. 1. Bogor.
9. M. Sastraatmadja, No. 2 Tjiandjoer ka No. 2 Soekaboemi.
10. Ioedakoesoemah, Koempaj (Lebak), ka Tjidjedil, Tjiandjoer
11. Adim, Tjidjoelang, Tasikmalaja, ka No. 1 Bandoeng.
12. Tjakradinata alias Kantadinata, Iboen (Bandoeng), ka No. 7 Bandoeng.
13. Djoedjoe alias Ardiwisastra, Gegerbitoeng, Soekaboemi, ka No 3 Bandoeng.
14. Engkos alias Prawirasasmita, Bajongbong, Garoet, ka No. 12 Bandoeng.
15. Raden Kandawinata alias Prawiramihardja, Tjisondari, Bandoeng, ka Pameungpeuk, Bandoeng.
16. Omon alias Soetidja, Madja (Madjalengka), ka Tjikeroeh Soemedang.
17. Hoesen alias Danoemihardja, Mangoenredja, Tasikmalaja, ka No. 3 Tjimahi, Bandoeng.
18. Hambali alias H. Natasasmita, Gedonggede Mr. Cornelis, ka Babakan Tjiparaj Bandoeng.
19. Mas Goennita Kartaatmadja, Takokak, Tjiandjoer, ka Bodjong, Tjiamis.
20. Basar Wiriasasmita, Teloekpoetjoeng, Mr. Cornelis, ka Sindangherang, Tjiamis.
21. Sahir, Tjikatomas, Tasikmalaja, ka No. 2 Tasikmalaja.
22. Asman alias Partamihardja Roempin, Buitenzorg, ka Tjikatomas, Tasikmalaja.
23. Mas Rahlan alias Rahlanwigena, Noesawangi, Tasikmalaja, ka Tjikoneng, Tjiamis.
24. S. Soearti alias Darmawijata No. 1 Serang, ka No. 3 Cheribon.
25. Kamil, Begog, Serang, ka No. 4 Cheribon.
26. Ardi alias A. Ardiwinata Garawangi, Koeningan, ka No. 1 Koeningan.
27. Loket alias Soewitasasmita Ligoeng, Madjalengka, ka Kadoegede Koeningan.
28. Pindi, Kramatdjati, Mr. Cornelis, ka No. 2 Mr. Cornelis.
29. Kantawinata, Tjikoepa, Batawi, ka Oedjoengberoeng Wetan, Bandoeng.

Benoeman tina hulponderwijzer kana Mantri Goeroe

Mimiti 31 December 1934. ieu benoeman teh asal ti Normaalschool (Inl. hulponderwijzer) djeung ti Kweekschool (Inl. Onderwijzer).

Atmadiredja, l.h. Serang, benoem ka Anjer Serang.

Djaja laskanadar l. h. No. 5 Mr. Cornelis, benoem ka No. 16 Tandjoeng Priok Batawi.

Soetisna Widjaja, l.h. No. 2, Serang, benoem ka Panjar, Pandeglang.

Adipradja, l.h. Kramatwatoe, Serang, benoem ka Begog, Serang.

Kartawisastra, l.h. No. 3 Mr. Cornelis, benoem ka No. 2 Poerwakarta.

Raden Sapri Soeriaamidjaja, l.O. No. 15 Batawi, benoem ka Laboean, Pandeglang.

Wantjaprawira soemantri, I.O. Rangkasbitoeng, benoem ka Tjipanas, Lebak.

Hasan Mas'oed, l.h. Tamboen, Mr. Cornelis, benoem ka Mandalawangi, Pandeglang.

(Samboengeun).

KININE NJEGAH PANJAWAT GRIEP SARENG INFLUENZA
Toeang dina sadinten: 1 TABLET
Tiasa kenging di waroeng-waroeng
Tjonto á 100 tablet noe 0.2 gram BISULFAS CHININI atanapi HYDROCHLORAS CHININI (ZOUTZURE KININE) nganggo atoeranana noeang, dikintoen franco ti saparantosna nampi postwissel ƒ 1.— atanapi ƒ 1.20, ka:
N. V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK

Leleson dinten Minggoe.

Asmaran dana Lahir Batin

(Warisan Djrg. R. Bratawidjaja, Patih Mangoenredja marhoem).

Samboengan Sipatahoenan minggoe toekang

Ari kasorang koe gering, gerang-geroeng goerajangan, sieun oeah-ioeh paeh, sambat menta ditambaan, neneda ka Pangeran, moega-moega pandjang oemoer, ras melang koe kamoektian.

Estoe noe hiroep di lahir, salawasna ngadjamanan, leuwih gede hese tjape, djembar njorang kasoesahan, tinimbang kaboengahan, lamoen soehoed nja tapakoer, kawajang samemeh datang.

Waktoe masih moerangkalih, dongkap wajah disepitan, weureu seubeuh koe kamoekten, pamiara iboe rama, diraksa dirawatan, nadjan sepoeh koerang mampoeh, kasipoeh koe kahemanan.

Diririh diperih ngadji, dipondah adjar sakola, dipamer djadi panganten, lamoen kasartaan bagdja, laksana sapanedja, dikaboel daradjat moedjoer, ngagelar poesaka bapa.

Tapi pilih noe ngadjadi, reana mah koerang njata, samemeh manggih kamoekten katinggal koe wong-atoea, temahna kari lola, noe kitoe tangtoe kapahoeng, panedja tatjan laksana.

Soemilih anoe kabanding, kadjaga koe wong atoea, ongkoh hese tjape bae, njiar bakal kahiroepan, boekti rea noe magang, toenggoe-toenggoe noenggoe windoe, tatjan meunang kaloenggoehan.

Doepi paniatan tadi, nalika cukeur sakola, lamoen meunang diploma teh, manawa aja pasihan, diangkat djadi menak, sakitoe anoe dimaksoed, teu njana ahirna gagal.

Tiwas geus salin patingting, pindah polah paadatan, wanter sapoelang ti Mester, era mawa barang kasar, nilad tjara amtenar, wong atoea noe tagajoer, mikir pikeun ngabahanan.

Anak geus boga pangarti, heman baranggawe kasar, nadjan ta dina pangangon, ajeuna mah taha wirang, moen ngalakonan asal, mana loemoeh matjoel nanggoeng, mandang kana kamenakan.

Mending moen hasil ngadjadi, tapi lamoen kapalagrang, tambah matak hese tjape, soesahna ka indoeng bapa, angot noe taja bapa, kalangkoeng bingoeng tagiwoer, nalangsa awak sorangan.

Oedjang oelah leutik pikir, rehna digelar panalar, lain pisan didjodjore, oelah tarima ditjawad, lain dipapalangan, poma oelah djadi poendoeng, oelah kapalang nja magang.

Temen wekel oelah gingsir, nandangan kamalaratan, poma oelah madjar weleh, Goesti Allah sipat Rachman, noe heman ka abdina, saha anoe toehoe estoe, ahirna meunang balesan.

Noe betjik tangtoe katiti, noe ala tangtoe katara, noe hade tangtoe kapake, pangagoeng moal kewoehan, moen welas ka abdina, kersa rek masihan toeloeng, awal ahir kadjadian.

Lamoen geus boga pangarti, moal aja kaboeangna, ngetan ngidoel ngoelon ngaler, djadi modal kahiroepan, moal datangka bangkar, pidjalaneun njiar oentoeng, noe pinter moal kewoehan.

Tapi oelah tjetjek hidji, kana boga kapinteran, mikir djadi mantri bae, tjatjadna tabeat Djawa, ngan sok hajang disembah, moen dioek hajang di loehoer, ngarah adjak pangaleman.

Kenging ngempelkeun

E.M. DACHLAN.

(Samboengeun).

Sport.

Voetbal Garoet.

OLIJMPIA —PADJADJARAN
(Garoet) (Tjiandjoer).

Dina powe Senen noe anjar kaliwat di lapang Lincksportveld Haoer Panggoeng geus diajakeun pertandingan voetbal saperti noe kaseboet di loehoer.

Hoedjan ti tengah powe moela nepi ka rek prakna maen, teu weleh ngajer bae, nepi ka kaajaan di lapang katjida djeblogna, oge noe laladjo henteu sakoemaha njoegemakeunana, lantaran soeng kan kapegat koe hoedjan.

Hadena bae kaboeritnakeun mah ngan oekoer miripis saeutikeutikeun.

Poekoel satengah lima leuwih saeutik lepri nioepkeun soeriltna, srog lawan contra lawan adoe hareupan.

Koelit boeleud ratjan sakoema ha lambokot koe leutak djeung tjai, atoeh njarepakna oge spelers teh semoe harampangeun naker: tapi lila-lila mah noe njarepak teh semoe bareurateun naker, lantaran balna geus baseuh teuing kakeueum koe tjai.

Bal mimitina mah beunang disebeetkeun ka ditoe-ka dieu bae.

Tapi kalilanakeun spelers Olympia oelinna mingkin harade bae, nepi ka rea bal noe datang na pibahjaeun ka goel kiper Padjadjaran, malah ngan sakilat pisan koe sepakanana Lambri, noe kaseboet ti heula koedoe newak angin.

Atoeh stand djadi 1—0 keur kaoenggoelan Olympia.

Sanggeusna bal dikatengahkeun moesoeh katjida soson-sosonna dina enggoning maen teh, lantaran hajang ngabela kahormatanana, da boektina meh-meh bae kiper Olympia kawalahan, ngan orokaja noe kaseboet pandeuri oge emboeng eleh geleng, katjida taki-takina djeung soson-sosonna nepi ka Lambri semoe ngeunaheun naker nampa operan bal ti kantjana.

Atoeh koe noe kaseboet ti heula henteu tata pasini deui, ditjengkeun bae kana goel kiper Padjadjaran: Ki moesoeh kapaksa newak angin deui bae.

Stand djadi robah deui nja eta 2—0 keur kaoenggoelan Olympia.

Koedoe koemaha Padjadjaran soson-sosonna, tapi teu weleh kaasoepan deui bae.

Djadi stand 3—0 keur kaoenggoelan Olympia deui.

Olympia sanadjan geus aja dina kaoenggoelan oge, teu boeroeng soson-soson bae. Tapi sabalikna pihak semah oge teu weleh nikreuh ngeureujeuh, nja boeahna tina ngeureujeuh teh. Ki semah teu boeroeng bisa ngabela kahormatanana.

Djadi stand ajeuna robah, 3—1 keur kaoenggoelan Olympia keneh.

Nepi ka enggeusan angger bae itoe-ieu henteu barisa ngasoepkeun deui.

Djadi tetep Olympia aja dina kaoenggoelan.

B.V.U. CONTRA SIOD
(Bandoeng) (Garoet).
8—2.

Noron ajeuna mah maen bal teh: powe Salasa-na disamboeng deui koe pertandingan saperti anoe kaseboet di loehoer, tempatna biasa bae di Haoerpanggoeng.

Kabeneran powena halodo, ka tambah-tambah moen di Garoet mah soeroep oepama diseboet pertandingan Voetbal Besar teh, lantaran soegri noe resep kana voetbal mah moal aja noe bireuk ka B.V.U. (Bandoengsche Voetbal Unie).

Noe narongton beunang diseboetkeun rea.

Poekoel satengah lima soerilit disada, proeng semah contra priboemi adoe hareupan.

Enja sagerebegan mah bal teh rame ka ditoe ka dieu bae, tapi pihak Unie leuwih gantjang maenna, nepi ka dina djero saparapat djam bal teh plos deui plos deui bae asoep ka Siod.

Siod oge bet teu njana sakali mangsa mah nepi ka doea kali ka Unie bisa ngasoepkeunana nepi ka stand 3—2 keur kaoenggoelan Unie.

Diadjam Siod bakal aja harepan kana bisa moenahan. Tapi ngalahan, saenggeusna pauze mah Siod teh geus teu bisa walakaja deui, dihantem koe Unie.

Bisa djadi, achterhoedena ti toekang noe koerang weweg teh, da voorhoedena mah aja meueusan.

Nepi ka toetoep stand 8—2 keur kaoenggoelan Unie.

Noe djadi Scheidsrechter koerang njoegemakeun karasana koe priboemi mah.

Kota.

Bandoeng djeung wewengkonna

SIEUN DISOENTIK?

Kamari poekoel 5 sore, di desa Andir (Bandoeng) beunang oge diseboetkeun geus aja kadjadian noe aneh, nja eta saenggeusna djalma-djalma pada ngadengejen di eta desa bakal diajakeun soentikan. Doeka koemaha diang gapna koe oerang dinja, da rea pisan noe ngarasa sieun, malah henteu saeutik noe teroes pakepoek boeboentel naringgalkeun imahna, rek ngadon ngendong ka imah barajana noe djaoeh ti Andir, soepaja henteu disoentik. Geus loba noe koengsi arindit ti eta desa.

Aja pikaseurieun, matak henteu kaharti noe dipikasieunna, tapi sabalikna matak karoenja, sabab rea djeung raboel noe ngelek sa mak katoet anggel, santa bari nanjengtoen atawa ngagandong anakna.

Sorena kira poekoel 8, rea djalma noe daratang ka Loerah, noe maksoedna menta pertoeloengan Loerah, soepaja di eta desa mah oelah diajakeun soentikan. Tapi sabalikna anoe ngarti mah, henteu boeroeng ngaharep soepaja eta soentikan teh gantjang didjalankeun, toer rahajat noe henteu atjan ngarti, dibere katerangan nte matak kahartieun, lain koe djalan paksaan.

Aja-aja bae!

MUTATIE DEPT. V. en W.

Diangkat kana ingenieur di Waterstaat, Ir. J.J.M. Donbeck, ambtenaar noe wachtgeld, tadina ingenieur 2e klas di dienst eta keneh.

Diangkat deui kana ingenieur di Waterstaat, sarta ditempatkeun di Dept. V. en W. Bandoeng, Ir. C. van der Hoeven, ambtenaar op non activiteit, tadina ingenieur 1e klas di 's Lands Waterstaat.

Idem kana idem di idem, Ir. J. H. van Witzenburg, tadina idem.

Koe sabab geus lila dina dienst, meunang verlof sataoen ka Europa, M.H. den Haan, commies redacteur di H.B. P.T.T. diitoeng ti 1 November 1935.

Idem L.H. van der Hoeven, techn. ambtenaar 2e klas di P.T. en T. dienst, diitoeng ti 5 Mei 1935.

Geus 6 taoen dienst, meunang verlof 8 boelan ka Europa, J.F. Kloren techn. ambtenaar 2e klas di P.T. en T. dienst, diitoeng ti 3 Juni 1935.

Geus 8 taoen dienst, meunang 10 boelan verlof ka Europa, H. H. Frans, commies redacteur di Hoofdbureau P.T. en T. dienst, diitoeng ti 1 November 1935.

Geus 6 taoen dienst, meunang 8 boelan verlof ka Europa, M.H. W. Bos Otten, middelbaar techn. ambtenaar di P.T. en T. dienst, diitoeng ti 1 Juni 1935.

Geus lila dina dienst, meunang sataoen verlof ka Europa, A.J.C. Spangenberg, commies di kantoor dienst van den P.T. en T. dienst diitoeng ti 2 December 1935.

ANTI MADAT.

Engke sore, ngamimitian poekoel 8 peuting, di gedong vereeniging „Hoo Hap" di Astanaanjarweg No. 30 Bandoeng, koe oesahana Vereeniging Inter: Orde van Goede Tempelieren, bakal diajakeun biantara (lezing) tina bab kagorenganana madat djeung matakna ka noe beuki madat.

Sarerea saha bae oge meunang datang ka dinja pikeun ngabandoengan djeung ngaregepkeun eta lezing noe memang gede hartina keur hiroep koemboeh.

PANTI MARDI HARDJO.

Peuting tadi di Panti Mardi Hardjo di Pangeran Soemedang weg, geus diajakeun rioengan pikeun sakabeh leden djeung ondangan noe sedjenna, babakoena pisan mah, ngajakeun silatoerahim.

Dina eta rioengan dieujeub-eujeub koe gambelan.

Noe daratang kaitoeng katjida reana, sarta geus peuting kakara maroelang.

DESA ASTANA-ANJAR.

Dina sedjen bagian soerat kabar noe powe ieu keneh, ditjaritakeun jen di desa Andir, beunang diseboetkeun iboer koe lantaran sarieuneun koe disoentik pest.

Tapi ajeuna bisa njeboetkeun deui, jen di desa Astanaanjar oge loba pisan noe ngarasa sieun teh, babakoena djalma-djalma anoe barodo.

Nepi ka rea noe boeboentel ngadak-ngadak, pindah ka sedjen desa.

PEMBRONTAKAN BESAR!!
Toko jang paling moerah dan baik!

1700

Boewah Anggoer kering
Boewah Pruimen kering
Wijnstroop
Roepa-roepa Boewah Aer
Kolesom Pont (Anggoer koeat)
Dr. Oetker Puddingpoeder
Roepa-roepa Sardines
Roepa-roepa Chocolade
Roepa-roepa Zalm

Bovril Corned Beef
Combination Biscuits
Peek Frean Biscuits
Patria Biscuits
Roepa-roepa Mentega
Roepa-roepa Seroetoe
Amandelen, Sucade,
Rozijnen, Krenten,
Suikerpoeder, Kenarie.

TOKO «ENG BOUW»
Pasar Baroe Telefoon 968 — Bandoeng

Roepa - roepa petasan besar, Kembang Api!!
Harga moerah betoel!! Teroes melawan!!

NGABASMI PEST.

Ngamimitian tanggal 16 boelan ieu, ngajakeun soentikan pikeun ngabasmi nerekabna panjakit pest bakal dimimitian deui, baba koena pisan pikeun di tempat tempat noe rea eta panjakit noe bakal diheulakeun teh.

Di regentschap Bandoeng noe bakal diheulakeun teh, di Tjimahi djeung Rantjaekek.

Di regentschap Garoet, noe bakal diheulakeun teh di bawahan Trogong.

Di regentschap Tasikmalaja, noe bakal diheulakeun di bawahan Leuwisari.

Kapala tina Dienst pestbestrijding Dr. H.J. Rosier ti aBtawi, ngajakeun babadamian tina bab ieu djeung resident Priangan, babakoena soepaja meunang pangdeudeul ti pihak B.B.

BEUBEUNANGAN S.S.

Nberoetkeun tjatetan ti Hoofd bureau S.S. di Bandoeng, beubeunangan S.S. dina boelan toekang teh, saperti ieu noe diberendelkeun di handap:

Di poelo Djawa dina boelan December '34 meunang ƒ 2.148.440.- ari dina boelan December taoen 1933 mah meunang ƒ 2.179.556.-

Di Soematra Westkust dina boelan December 1934 meunang ƒ 117.595.— ari dina boelan December 1933 mah meunang ƒ 110.009.—

Di Zuid Soematra, dina boelan December 1934 meunang ƒ 189.639.— ari dina December 1933 mah meunang ƒ 156.304.

Di Atjeh dina boelan December 1934 meunang ƒ 87.429.— ari dina boelan December 1933 mah meunang ƒ 88.294.—

Eta beubeunangan saboelan!

Ajeuna oerang tendjo dina beubeunangan sataoen.

Dina taoen 1934 di poelo Djawa meunang ƒ 25.507.644.— dina taoen 1933 meunang ƒ 29.300.321

Dina taoen 1934 di Soematra Westkust meunang ƒ 1.458.679.- dina taoen 1933 meunang ƒ 1.533 345.—

Dina taoen 1934 di Zuid Soematra meunang ƒ 2.358.887.— dina taoen 1933 meunang ƒ 2.139.934.—

Dina taoen 1934 di Atjeh meunang ƒ 962.183.— dina taoen '33 meunang ƒ 1.045.139.—

EMBOENG DJADI SAKSI.

Bangsa Tionghoa ngaran A.T. S. oerang Bantjeuj (Oude Kerkhofweg) dina tanggal 2 November taoen toekang, dipanggil ka pangadilan Landraad Bandoeng, dipenta djadi saksi kana perkarana indonesier ngaran M. alias K.

Tapi eta saksi noe dipanggil teh henteu daek datang, santa henteu ngabedjaan naon sabab-sababna.

Koe sabab kitoe, manehna toeloej didakwa geus ngalalaworakeun kana pamentana pangadilan.

Ari kamari dipanggil ka Land gerecht pikeun dipariksa tina perkara emboeng djadi saksi tea, tapi manehna henteu datang deui bae.

Koe Landgerecht perkarana di poetoeskeun bae, bij verstekt, di tibanan hoekoeman dengda ƒ 10. atawa hoekoem boei 20 powe.

Pangadilan henteu meunang di lalaworakeun.

TINA POLITIERAPPORT.

Ngaran S. pagaweanana djadi walker di Nachtveiligheidsdienst, geus masrahkeun ka kantor politie, hidji gowang make mata dia mant leutik, noe koe manehna katimoe di Gang Kebon Manggoe, di hareupeun imah No. 5.

Njonja T. oerang Ramboetanlaan No. 5, geus bebedja ka politie, jen anakna geus digegel koe andjing tatanggana, njonja de W. di Doekoehlaan No. 23. Boedak noe digegel andjing tea, teroes dikirimkeun ka Instituut Pasteur pikeun dioebaran tatoena.

LANDGERECHT BANDOENG.

Kamari ka pangadilan Landgerecht Bandoeng geus dipadjoekeun 45 perkara noe koedoe dipariksa djeung dipoetoes. Tapi kapaksa aja 5 noe dipoendoerkeun kana sedjen waktoe bae.

Di antara noe dipoetoeskeun tea, aja noe ditibanan hoekoeman dengda noe pangsaeutikna ƒ 0.50 sarta noe panggedena ƒ 10.— Ari hoekoeman boei mah, noe pang saeutikna doea minggoe sarta anoe panggedena saboelan, tina perkara maling.

Indonesia.

Pamimpin Partindo di Semarang.

Powean Lebaran ditangkep.

Dina powe Senen anoe anjar kaliwat Djoeragan Soedimoeljono, pamimpin Partindo di Semarang anoe oge ngantet djeung djadi pamimpin P.P.R.I. (oeroetna) dina poekoel 3 sorena geus di tangkep koe politie sarta teroes diasoepkeun kana tahanan.

Djoeragan Soedimoeljono teh memang geus sababaraha lilana aja dina panaloengtikan politie, malah diteangan, tapi teu aja sarta teu aja noe nerangkeun ka mana njingkahna.

Barang ditangkep koe politie, djoeragan Soedimoeljono nerangkeun jen sateuatjanna ti Semarang teh andjeunna aja di Batawi.

Sadjaba ti nangkep djoeragan Soedimoeljono teh politie geus ngagaledah deui ka boemina djoeragan S. Tjipto, tapi roepana teu aja boekti-boekti anoe penting, da boektina henteu aja salah-sahidji barang anoe dibeslag.

Pabrik ijs intan di Madioen.

Ajeuna diboeka deui.

Noe katelah fabriek ijs *Intan*, sarta tadina noeroetkeun katerangan aja dina pimpinanana Lindeteves Stokvis, ajeuna geus diboeka deui pikeun ngadjoealan ijs ka saban-saban tempat.

Atjan sakoemaha lilana ieu fabriek teh didjoeal koe firma Lindeteves ka toean Han Tiouw Bing, nja eta anoe moeka transport-onderneming Han Lie di Lawang.

Ajeuna ieu fabriek teh koe toean Han Tiauw Bing diganti ngaranna djadi „Redjo Moeljo" malah lain bae nijeunan ijs pikeun di Madioen, tapi ka wewengkon Djawa Wetan oge ampir kabeh kakirim.

Babakoena anoe ajeuna geus bisa ditetepkeun teh nja eta Solo djeung Tjepoe.

Ngantet djeung kadjadian kitoe, bisa dikira-kira tangtoe ajeuna mah ieu pabrik teh bisa pandjang deui oemoerna moal saperti alam katoekang.

NOE SARIEUN DISOENTIK PANJEGAH PEST TEA

Tjek noe njararita doemeh engke dina tanggal 15 boelan ieu di bawahan Rantjaekek baris diajakeun soentikan panjegah panjakit pest tea, geus ti ajeuna djelema maroeringis, sarieuneun.

Demi anoe djadi sabab, tjenah madjarkeun teh di Bandjaran reu djeung di Tjikidang (Lembang) geus kadjadian loba djelema anoe maraot lantaran disoentikan, malah oerang Bandjaran loba anoe njararingkah.

Tjek bedja mah di Rantjaekek oge baris narahan bae kana eta soentikan teh, babakoena anoe geus aja gerentesna teh desa Tandjoenglaja, Bodjongloa djeung Haoenpoegoer.

Bisi bae ieu bedja tea enja, lantaran salah mangarti djelema, perloe dipapaj anoe leuwih pandjang koe noe wadjib, sarta saboleh-boleh diterangkeun deui ka djelema teh.

NOE MALING KOEDA.

Sawatara powe samemehna Lebaran di desa Tandjoenglaja (Rantjaekek) geus aja kadjadian paling koeda.

Ieu mah lain ditjokot ti tegalan tapi ti kandangna. Malah koe lantaran tjepetna anoe djadi politie, anoe malingna djeung barang boektina geus katangkep di bawahan Tjirebon.

Dina minggoe ieu eta perkara teh geus diasongkeun ka landraad didjieun summier.

Noe boga dosana dihoekoem 4 boelan pendjara.

Bahaja alam di Ragoeng.

Aja tiloean anoe maot.

Dina ieu soerat kabar rubriek telegram, sawatara powe katoekang geus diterangkeun, jen Pamekasan diamoek koe topan nepi ka loba imah-imah anoe raroek sak djeung ngadatangkeun karoegian anoe lain saeutik.

Ajeuna bisa dibedjakeun deui, babakoena nja eta kadjadian katjilakaan di Ragoeng anoe geus aja djelema tjilaka lantaran eta bahaja, ajeuna bisa diterangkeun deui, jen ieu tiloe djelema anoe tjilaka teh, geus maraot di roemah sakit lantaran katindihan koe barang-barang anoe bareurat ta dina.

Tikoentjloeng ka laoetan.

Oge lantaran bahaja angin.

Dina maleman tanggal 6 Januari anoe anjar kaliwat, di basisir Branta Pamekasan geus aja anoe manggihan hidji majit lalaki anoe oemoerna geus 60 taoen.

Nilik kana kaajaan djeung boekti-boekti, eta majit teh geus katjida pisan roeksakna, roepana bae geus katjida lilana.

Sanggeus kanjahoan koe ambtenaar djeung politie, rada aja timboeroe, bisa djadi ieu majit teh maotna lantaran panganiajaan, sabab dina lebah beuheungna aja tatoe anoe nembongkeun siga tapak pakarang.

Tapi ieu sangkaan teh henteu sjah, sabab noeroetkeun katerangan ti saksi-saksi anoe lobana aja 14 oerang, nerangkeun jen ieu majit teh geus tjilaka lantaran angin keneh bae, dina malem Kemis, manehna geus leungit sarta nja kaboektian, manahoreng tike tjemploeng ka waloengan anoe ahirna kabawa palid.

Noe matak kadjadian kitoe teh koemaha atoeh anginna lain meumeueusan, tapi ngaroeksak kana sagala badan bae.

Loba anoe raroeksak pasawahan djeung imah-imah.

Pasar Malem di Madioen.

Ti mimiti malem Djoemaah.

Ti mimiti Malem Djoemaah anoe anjar kaliwat di Madioen di ajakeun pasar malem.

Sakoemaha biasa dina ieu pasar malem teh lolobana ngadagangkeun roepa-roepa kabinangkitan djeung adoe-adoean tina sagala roepa bae, saperti aloeng geulang, djeung sadjabana.

Dina maleman Djoemaah tea, (ngamimitian) ger hoedjan gede pisan. Atoeh djelema anoe laladjo oge katjida pisan saeutikna. Tapi dina malem djeung powe Saptoena katembong anoe laladjo teh loba malah ti sagala kalangan bae djeung loba anoe daratang ti djaoehna.

Noeroetkeun katerangan, sabagian tina kaoentoengan ieu pasar malem teh baris didermakeun ka Steun Comite.

Mutatie Journalisten.

O.I. meunang bedja, tjenah dagblad Bahagia anoe dikaloearkeun di Semarang bakal didjoeal ka Dr. R. Roezin, andjeunna ti party Boedi Oetomo.

Djoeragan Raden Mas Soedarjo Tjokrosisworo, 1e Redacteur di dagblad Matahari, noeroetkeun katerangan baris pindah ngamoedi di dagblad anjar anoe dikaloearkeun koe para nonoman terpeladjar di eta kota.

Sadjaba ti eta aja sababaraha Redacteuren di Matahari, ti antana Toean Bie Giauw Tjoen, baris kaloear tina padamelanana se bagi Redacteur Matahari.

DRUKKERIJ
TJAHJAPASOENDAN
Pekiringan 88 — CHERIBON

Koran batoer.

Pasar dan intellectueelen

Dina soerat kabar „Pemandangan" collega K.N. geus noelis tina hal ieu.

Pohara etjesna teh, geura oerang koetip satjerewelena:

PASAR DAN INTELLECTUEELEN.

Berhoeboeng dengan adanja lowongan pangkat Controleur Pasarbedrijf pada Gemeente Cheribon, dengan gadjih dari ƒ 150 sampai ƒ 350.- seboelan, ada 120 orang jang melamar.

Meskipoen oentoek pangkat itoe dioemoemkan mestinja orang jang paling tinggi keloearan Mulo, bisa bitjara bahasa anak negeri disitoe dan mempoenjai pengalaman tjoekoep serta bersifat djoedjoer boleh dipertjaja dan berkepandaian oentoek mengoeroes pasar-pasar baik technisch maoepoen financieel, akan tetapi tidak koerang banjaknja orang jang melamar itoe, jang pendidikannja lebih tinggi dari pada jang diminta itoe.

Antaranja ada seorang, jang mendjadi doctorandus dalam ilmoe dagang, keloearan Handels Hoogeschool di Rotterdam, mempoenjai djoega diploma M.O. Boekhouden dan soedah beberapa tahoen bekerdja dalam doenia perdagangan di Indonesia.

Orang ini dari sekarang djoega soedah dikasih tahoe, bahwa ia boleh dikata tidak ada kans boeat dibenoemd, karena dengan ia poenja academische opleiding, ia tidak pantas masoek golongan pegawai jang sekarang ini, apalagi sebagai Controleur itoe ia akan bekerdja dibawah perentahnja orang - orang jang pendidikan sekolahnja dan intellectualiteitnja djaoeh lebih rendah dari ia.

Begitoelah, kembali seorang intellectueel tidak lakoe dalam pasar perboeroehan, lantaran ia poenja intellect terlaloe tinggi.

Dalam djaman mentjotjokan diri dengan keadaan jang djadikan oleh crisis, maka kelihatanlah, lebih tinggi diploma, lebih soesah mendapat pekerdjaan jang sepadan dengan diploma itoe.

Itoe djaman, dimana kaoem madjikan mementingkan diploma sadja sekarang soedah kasep.

Kita orang roepanja bakal kembali pada djaman, waktoe mana diploma Kleinambtenaar dan Ambachtsschool sadja soedah toekoep boeat mentjapai pangkat-pangkat jang tertinggi: waktoe mana djoega kaoem madjikan itoe hanja menghargakan pekerdjaan practijk dan keradjinan serta kesetiaan dari pada kepintaran sekolah dan diploma-diploma.

Djaman itoe djoega ada djaman goeloeng tangan badjoe dan berdjoang sendiri, seperti sekarang ini, dipasar tidak lakoe, berdirikan pasar sendiri, goeloeng tangan badjoe, simpan diploma itoe sampai pada waktoenja jang baik.

K.N.

— — — — — — — — —

Da atoeh memang enja kitoena teh.

Sagala roepa oge aja waktoena.

Panon powe tara soeroep lain dina waktoena.

Bareto katoekang-toekang, teu aja deui anoe djadi panjileukan bangsa oerang teh, ngan hajang boga anak ngantongan „titel-titel Mr. Dr atawa Ir.". Ari ajeuna geus laksana, bet lolobana mah ngalaloemboek bae. Djadi oge kaoem boeroeh anoe henteu satimpal pisan bajaranana teh djeung pangabisana.

Koemaha atoeh?

Teu aja deui pidjalaneunana. Dina waktoe ieu mah koedoe noenda diploma, ngagilingkeun leungeun badjoe, singkil digawe prak koe maneh.

Indoeng bapa oerang teh geus meh maropo dina enggoning ngotjek tanah, ajeuna mah geus waktoena di gentenan koe baroedak.

Moal matak noeroenkeun harkat, daek kana gawe badag teh. Geuning tjek paribasa deungeun mah: *Arbeid adelt.*

A.N.

Telegram

ZWITSERLAND.

Oeroesan Saarland

Bisa tereh dibebe-resna

Geneve, 10 Jan. (Aneta-Reuter). Soeal Saarland teh bisa dibebe-res tereh-tereh. Ngoeroeskeunana koe raad teh goemantoeng kana hasilna pilihan. Oepama kabeh district milih ka Duitschland atawa kaajaan angger kawas ajeuna (status quo), pagawean raad teh katjida entengna. Tapi lamoen teu kitoe mah bakal katjida banggana, sarta kapaksa poetoesanana oge koedoe dipoendoerkeun.

Ieu teh saenjana mah akal anoe pohara bebeakanana, lantaran oeroesan Saarland memang maksa boeroe boeroe dipoetoeskeunana.

FRANKRIJK

Datang ti Rome

Laval ngadadarkeun hasil perdjalananana

Parijs, 10 Jan. (Aneta-Havas). Minister Laval geus datang deui ti Rome-na, diwiloedjengkeun anoe pohara pisan.

Gezant-gezant ti Joegoslavie, Roemenie djeung Oostenrijk, nja kitoe deui delegatie kaoem Garibaldisten meunang marake uniform djeung mawa vaandel, pada mariloe mapagkeun noe tas ti Rome ka station.

Ka pers minister Laval teh njeboetkeun kieu: „Pohara ngarasa soegemana koering datang ti Rome teh. Koe djalan ngajakeun perdjangdjian anoe pilambateun antara Frankrijk djeung Italie, anggapan koering, koering teh bisa ngawoelaan lemah tjai sorangan sakoemaha mistina djeung ngabelaan karapihan dina oemoemna."

Gantjang harita keneh ti barang datang, Laval teroes bae narima zaakgelastigde Inggris.

Kabinet Inggris geus ti isoek keneh ngajakeunana koempoelan, maksoedna ngoelik soeal ontwapening, doemeh katarik koe poetoesan perdjangdjian noe diajakeun di kota Rome.

RUSLAND.

Djoemblahna noe djadi wadal

Dina katjilakaan kareta api noe panganjarna

Moskou, 10 Jan. (Aneta-Reuter) Djoemblah reana noe djadi wadal katjilakaan kareta api deukeut Malaya Wichera teh nambahan djadi 23 oerang anoe maot djeung 56 tatoe pajah.

ENGELAND

Hertog djeung Hertogin Kent.

Papangantenananana

Londen, 10 Jan. (Aneta Reuter). Hertog djeung hertogin Kent baris ngajakeun perdjalanan papangantenanana teh ka India-Koelon, sarta kana kapalna tanggal 25 boelan ieu.

Dina panganggalan boelan April poetra djeung poetri teh baris maroelih deui ka Inggris.

PORTUGAL

Salempang koe barontak kaoem Kominis

Mepek balad

Lissabon, 10 Jan. (Aneta-Reuter). Pamarentah geus ngawawarkeun, jen kabeh balatantara nagara koedoe geus tarapti kana djoerit arajana di tempat-tempatna teh.

Moeka deui parlement dina tanggal 11 boelan ieu teh kalawan make perdjagaan anoe pohara tohagana.

Presiden baris diapingkoe barisan perdjoerit anoe koeat, ari adegan-adegan nagara rek didjaga Santosa pisan.

Ari noe matak pamarentah taki-taki kitoe teh, lantaran geus njebar bedja selentingan, madjar kaoem kominis baris ngajakeun hoeroe-hara.

OOSTENRIJK

Kaoem kominis ditangkepan

Teu koerang — teu leuwih aja 60 oerang

Weenen, 10 Jan. (Aneta-Transocean). Noeroetkeun bedja dina soerat-soerat kabar di Oostenrijk Tonggoh, tjenah ajeuna 60 oerang kaoem kominis anoe ditangkepan, lantaarn maranehanana kabehdjaradi lid ticellen-organisatie.

Di Salzburg aja 52 kaoem boeroeh noe digarawe di djalan kareta api Oostenrijk dilepasan harita keneh, lantaran maranehana na actief ngadjaralankeun ka kominisan.

AMERIKA-SARIKAT

Oerang Saarland noe araja di Amerika

Doemeh miloe milih kana plebisciet lemah tjaina

Washington, 10 Jan. (Aneta-Havas). Voorzitter ti immigratie commissie Gedong oetoesan Rayat, Dickstein, ajeuna ngandoeng maksoed baris ngasongkeun rarantjang oendang-oendang, noe maksoedna netepkeun kabeh oerang Saarland noe araja di Amerika, toer geus dianggap bangsa Amerikaan, tapi mariloe milih kana plebisciet, tina kabangsaan Amerikaan-na koedoe ditjoeparkeun.

Noe mariloe milih kitoe teh koerang-leuwih aja 5000 oerang.

INDIA.

Hoeroe-hara di Kolhapur

Ngalantarankeun maotna toedjoeh kaoem Moeslimin

Kolhapur, 10 Jan. (Aneta-Reuter). Toedjoeh kaoem Moeslimin paragat njawana, djadi wadal kariboetan anoe timboel di Ichalkaranji, karadjaan leutik di Kolhapur.

Bedjana mah sarombongan kaoem Moeslimin teh geus naradjang poelisi anoe nangkep batoerna, nja teroes noe ditaradjang tea ngagoenakeun bedilna.

Djalma rea ajeuna ngalingkoeng karaton Kolhapur, sarta premierna gantjang moeroe ka lebah dinja, pikeun ngadjalankeun panaloengtikan.

Njaa 10 pCt. oerang Ichalkaranji anoe asoep Islam teh.

Telegr. pandeuri

SAARLAND.

Koe saha beunangna?

Baris dibilangna piiihan anoe asoep.

Saarbruecken, 11 Jan. (Aneta-Reuter) Baris dibilangna pilihan Saarland teh nja eta dina tanggal 14 boelan ieu, poekoel 17.00 (poekoel 5), sarta beubeunanganana (koe saha beunangna), baris diembarkeun tanggal 15 poek. 8.

Saarbruecken, 11 Jan. (Aneta-Reuter). Aja 901 voorzitters stembureaux anoe ajeuna daratang ka Saarland, nja eta tiioe roepa bangsa, saperti; Zwitsers, Luxemburgers djeung Nederlanders.

Tadi isoek noe tjalon-tjalon voorzitters teh kabeh disoempah heula.

DUITSCHLAND.

Doeit Djerman djeung Saarland

Indjeuman minangka panoeloeng.

Berlijn, 11 Jan. (Aneta-Reuter) Adegan-adegan verzekering pamarentah Djerman ajeuna geus njadiakeun indjeuman doeit gedena 3.000.000 mark.

Ieu teh minangka geusan noeloeng ka oerang Saarland anoe nijboet indjeumananana ka pihak Frankrijk.

Ieu indjeuman teh bisa ditjitjil djero sapoeloeh taoen, ari renten na paling gede 4½ pCt. lamoen borehna barang matoeh, 5 pCt lamoen boreh barang bisa dipindahkeun.

Anoe dibere ngindjeum teh nja eta bank-bank, onderneming-onderneming djeung partikoelir-partikoelir di Saarland.

NEDERLAND.

Minister Kalff

Longontsteking.

Den Haag, 11 Jan. (Aneta). Minister Kalff teh kasawatna longontsteking.

K.L.M. djeung katjilakaan „Uiver"

Nganoehoenkeun ka pihak Indonesia.

Den Haag, 11 Jan. (Aneta). K.L.M. nganoehoenkeun kana miloe sedihna pihak Indonesia koe katjilakaan „Uiver". Tetela tjenah miloena teh lain ngan dina boengahna bae, tapi oge dina kaprihatinanana.

Rapotan Van Der Maas

Tina pasal katjilakaan „Uiver".

Den Haag, 11 Jan. (Aneta). Bedjana mah rapotan Van der Maas tina hal katjilakaan „Uiver" teh atjan diasongkeun ka minister van Waterstaat.

Hal ngajakeun speciale commissie oge tjan aja tjarita kitoe-kieu.

Ngitjalan didamel reclame.

DJASHOEDJAN.

Kangge djoeragan pameget tina karet p. st. f.3.90, f.4. 25 Korting 15 pCt.

Kwaliteit sae sareng lemes tina karet p. st. f.9.50, f.11.— Korting 15 pCt.

Tina Gabardine Wol p. st. f. 21.—, f. 22.— Korting 15 pCt.

Kangge djoeragan istri tina karet nganggo boering satin p. st. f.9.—, f.9.25 Korting 15 pCt.

Kangge moerangkalih tina karet kwaliteit lemes p. st. f.5.20, f.6.20

Topi Pet Wengi roepi-roepi kleur p. st. f.1.25 doegi ka f.2.— Korting 20 pCt.

OPFUIMING

„DE NIEUWE BAZAAR"

No. 37. Pasar Baroe No. 102A. Telefoon No. 479 Bandoeng.

Ngitjal mirah!

Obral loear biasa

Mangga soempingan heula sareng boektoskeun dina NGITJALNA OBRAL, didinja tinangtos para Djoeragan pameget sareng istri salamina tiasa kenging barang-barang sae toer dina pangaosna loear biasa mirahna, ngalawan pangaos CONCURRENTIE.

Toko LOUVRE

Dames en Heeren Mode Magazijn

Pasar Baroe 94 Telf. No.1821 — Bandoeng.

Benoeman tina hulponderwijzer kana Mantri Goeroe

(Samboengan pag. I.)

Prawirasoepena, I. h. Tangerang, benoem ka Moendjoel Pandeglang.

Naim Toif, I.h. No. 2 Batawi, benoem ka Pamarajan Serang.

Soedira Sastra Soeganda, I.h. Batoebantar, benoem di dinja keneh.

Abdoelmoekti, I.h. Parigi, Serang, benoem di dinja keneh.

Soeprani, I.h. Menes, benoem ka Petir Serang.

Soma Atma, I.h. No. 2 Serang benoem ka Rangkas Pandeglang.

Hardja I.h. Sadjira, Lebak, benoem di dinja keneh.

Samsoedin I.h. Serang, benoem di dinja keneh.

S. Dwidjo Soewasito I.h. No. 1 Serang, benoem ka Serdang Serang.

Mas Soeminta I. h. Tjening, Pandeglang, benoem ka Bajah Lebak.

Rana Sondjaja, I.h. Tjimanggis Buitenzorg, benoem ka Tjikeusal Serang.

Strip I.h. No. 13 Batawi, benoem ka Tjimanggoe Pandeglang.

Martasasmita, I.h. Rangkasbitoeng Lebak, benoem ka Malingping, Lebak.

Sastraatmadja, I.h. No. 2 Tasikmalaja, benoem ka Tjiomas Serang.

Danoeadisoemarto I.h. Begog Serang, benoem ka No. 1 Serang Bantam.

Aleham alias Andiwinata, I.h. No. 8 Batawi, benoem di dinja keneh.

Mas Toha alias Kartawiria, I. O. No. 4 Mr. Cornelis, benoem ka No. 9 Batawi (Gondangdia).

Isad alias Isad Iskandar I.O. No. 5 Batawi, benoem ka No. 13 Batawi (Pegangsaan).

Manna, I.h. No. 11 Batawi, benoem ka No. 15 Batawi (Paal Merah).

Saanah I.h. No. 17 aBtawi, benoem ka Kramatdjati Mr. Cornelis.

Abdoellah alias Soeriaamidjaja I.h. No. 18 Batawi, benoem di dinja keneh.

Raden Moehamad Tohir I.h. Babelan Mr. Cornelis, benoem ka No. 20 Batawi (Wijk Ambon).

Kajoen Wigandhasapoetra, I. h. No. 1 Mr. Cornelis, benoem ka No. 12 Batawi (Kampoeng Lima).

Anam I.h. No. 6 Mr. Cornelis, benoem ka Mampangprapatan Mr. Cornelis.

Abas alias Martawardaja I.h. Pasarminggoe, Mr. Cornelis, benoem di dinja keneh.

Abdoessalam I.h. No. 13 Batawi, benoem ka Pasarrebo, Mr. Cornelis.

Prawiraamidjaja, I.h. Pasarrebo, Mr. Cornelis, benoem ka Pebajoeran, Mr. Cornelis.

Ahmad Soelaiman I.h. Kebajoeran, Mr. Cornelis, benoem ka Soedimara, Mr. Cornelis.

Jaman I.h. Tjikarang, Mr. Cornelis, benoem ka Soekaboemi.

Jojo alias Martakoesoemah I.h. Pondokgede, Mr. Cornelis, benoem ka Tamboen, Mr. Cornelis.

Moehamad Tibie I.h. Bekasi, Mr. Cornelis, benoem ka Kedawoeng, Krawang.

Mas Soelaeman alias S.L. Wirajasa, I.O. Dawoean, Krawang benoem di dinja keneh.

Slamet I.h. No. 4 Mr. Cornelis benoem ka Bekasi Mr. Cornelis.

Moehammad Saib I.h. Palered Krawang, benoem ka Klari Krawang.

Raden Roetiita alias Prawirasoebrata I.O. No. 1 Poerwakarta Krawang, benoem ka No. 2 Krawang.

Wiramihardja I.h. No. 6 Mr. Cornelis, benoem ka Gedonggede, Mr. Cornelis.

Sasmita Prawira I.h. No. 7 Bandoeng, benoem ka Pagaden Krawang.

Ahmad Samsoedin I.h. Telagasari Krawang, benoem di dinja keneh.

Soeangsapoetra I.h. Soebang Krawang, benoem ka Boenihajoe Krawang.

Raden Moehamad Moehlar I. h. No. 1 Poerwakarta, benoem ka Tjiasem Krawang.

Raden Abdoelgani alias Gani Kartapradja, I.O. No. 7 Bandoeng, benoem ka Tjilamaja Krawang.

Wiradisastra I.h. No. 11 Bandoeng, benoem ka Tjisalak Krawang.

Moehammad Arsjad I.h. No. 16 Batawi, benoem ka Teloekpoetjoeng Mr. Cornelis.

Wanda Wangsamihardja, I.h. Tjitjadas Bandoeng, benoem ka Balaradja, Batawi.

(Samboengeun).

Kadjaba lamoen minister Waterstaat nganggap henteu tjoekoep koe rapotan Van der Maas, kakara baris nimbang-nimbang deui pikeun ngajakeun deui badan komisi panaloengtikan anoe speciaal.

Inkomstenbelasting

Henteu leuwih ti 45.000.000

Haarlem, 11 Jan. (Aneta). Dina koempoelan vrijzinnigen bond minister Oud ngadadarkeun, jen hasil padjeg pangasilan taoen 1935 teh henteu leuwih ti 45.000.000 roepia.

RARAHEUT
BOHAK atanapi
BOLEDEH

tiasa enggal damang oepami dilandongan koe

PUROL.

Pangaos sa-kaleng 40 atanapi 75 sen. dina tube f 1.—

Tiasa kenging di saban-saban Roemah-roemah obat sareng Toko-toko.

Cl. 28.

Moeng f 1.70

dag. Sipatahoenan

Panganggoeran

Sieun samemeh prak.

Biasana mah, ngan baroedak leutik bae noe sok sieun dioebaran teh, emboeng koe paitna, emboeng koe peurihna, lantaran henteu njaho naon goenana.

Ari ajeuna, bet lobana kolot noe sieun koe oebar teh.

Henteu poegoeh-poegoeh iboer meh di oenggal lemboer, di Andir, di Astana-anjar, di Lembang, di desa Kamasan (Bandjaran), di Rantjaekek.

Ah, loba lamoen koe Entjep rek diseboetan kabeh mah.

Aja noe boeboentel rek kaboer aja noe rawah-riwih djeung leweh. Ah roepa-roepa pamolah djalma.

Koe naon?

Bet henteu pira teuing, sieun disoentik pest.

Doeka ti mana atoeh datangna bedja teh, madjar lamoen geus di soentik sok toeloej bae, teu menjat deui, dikoeboer.

Moal salah deui, meureun aja toekang njingsieunan. Lamoen eta djalma kapanggih koe Entjep, zonder pardon koe Entjep dihatoeranan koeda-koeda Tjikalong, diadiak mintilg si Djalak pengkor.

Tapi awas! Tempatna koedoe lega, bisi Entjep rek metakeun langkah sareboe.

Toeman, make ngitjoek-ngitjoek noe rek dioebaran.

***

Mani geus djadi adat, hajang tjageur emboeng koe oebar teh. Padahal ngan oekoer sieun koe bedja, sieun koe samemehna, ari enggeus mah geuning teu kitoe kieu.

Eta bae Entjep mah, sok inget ka djaman tante.

Tante mani bibinigidigan keur dilamar koe Oom teh, basana oge sieun.

Koemaha ajeuna, geus aja karaosna?

Beu, mani oelah koe batoer, kasoesoekan oge hajang babarengan.

Soemoehoen......... jaktos.

Entjep.

KABAR BAEK.

Toean dan Njonja kapan maoe pake barang model taoen 1935 lekas dateng pada:

»TOKO SAN«

DAMES MODES MANUFACTUREN.

No. 1714.

LOTERY ARTOS

Lotery Beureum Hoofdprijs f 100.000 anoe kenging 267 prijs-prijs.

Lotery Bodas Hoofdprijs f 50.000 anoe kenging 562 prijs-prijs.

Hojong beunghar? Kintoen artos per postwissel 1 lot f 11.35. ½ lot f 6.10. ¼ lot f 3.50.

Aannemers Bureau

— **D. SIHOMBING & Co.** —

Hotel „Oranje" Kamer 8 — BANDOENG.

N.B. Salamina nampi padamelan: Ontwerpen, uitvoeren, Herstellen boemi alit sareng ageung, Toko, Kantoor, Fabriek, Hotel, Schoolgebouw s.d.t.

No. 1.

AMBEIEN

WASIR.

Panjawat wasir anoe kaloearan getih atanapi henteu ditanggel tiasa sae dilandongan lebet 15 dinten kalajan zonder di operatie (dibelek).

Oge panjawat: Asthma, gohgoj ngaloearkeun getih, atanapi kosong, medjen, panjawat istri, kentjing manis, panjawat toelang, seueul angen, kepoetian (pikthay), pameget anoe kirang kakiatanana (peloeh) sareng sadjabina. Saneskanten panjawat dilandongan doegi ka sae pisan zonder operatie tea.

Moegi djoeragan-djoeragan kersa djobi koe andjeun bae. Pangaos landong-landong direken noe pantes katjida

Noe ngadjeng-ngadjeng kalajan hormat

Ch. Hardin Tabib

Soenisradjaweg 8A – Tel. 1664 – Bandoeng

N.B. Landong-landong tiasa dikintoen kalajan Rembours

15

Djalan Kasehatan

Ditoedoehkeun koe

HIU NGI FEN'S ANGGOER OBAT TJAP BOELAN

Hiu Ngi Fen's
ANGGOER TJAP BOELAN

Anggoer Obat Tjap Boelan teu kinten saena kangge djalmi noe:
SALAMINA LALEULEUS
KIRANG GETIH
SEUEUR DAMEL BADAG
KIRANG BARANGTOEANG
KIRANG KOELEM
HENTEU AJA NAPSOE KANA DAMEL.
KIRANG TANAGA
SEUEUR TEUING EMOETAN

Kadieun saoepamina salira katingalna teu aja karaosna, namoeng kangge ngadjagi kasehatan, leueut salamina Anggoer Obat Tjap Boelan.

Kenging Gratis: Ka soegri anoe ngintoenkeun 50 lambar coupon Anggoer Obat tjap Boelan ka pribados, bakal dihatoeranan gratis hidji vulpen noe sae.

Di Bandoeng tiasa kenging ti:
Tiong Hoa Hokien Yok Pang, Djin Sioe Tong, Sin Ho Hin, Eng Seng Ho, Han Choon Tong, Tji Ho Tong, Ban Ka Tjoen, Khin Hin.

Hoofd depot:
HIU NGI FEN'S TRADING COMPANY
Kesawan No. 50 — MEDAN — Post Box 14
No. ru.900 Adv. 1121

MOENG HIDJI - HIDJINA

Apotheek di Bandoeng anoe ngagadoehan Ass. Apotheker bangsa **Priboemi**.
Dina ngalajanan ka tatamoe ditanggel njoegemakeun. Nja kitoe deui dina pangaosna, para Djoeragan Istri sareng pameget tiasa ngaboektikeun koe andjeun, diantos soemping ka sadajana publiek kalajan ditampi koe kabingahan. No. 6571
— Kairing koe kahormatan —

N.V. SOENIARADJA APOTHEEK
Pasar Baroe 106A — Bandoeng — Telef. 115 (Pengkolan Kompa)

TAH TJOEN
DENTIST.
Seblah Pakgode Groote Postweg West 25 — Bandoeng.

Para djoeragan istri pameget oepami karaos dina waos, teu kedah milari deui anoe sanes. Sae soemping bae ka toko pribados, ditanggel moal karaos deui, soemawonten oepami ditjaboet moal karaos njeri.

Sadaja padamelan kenging garantie sareng sadajana paparabotan didjalankeun koe electrisch.

Radio.

„N.I.R.O.M." PASOENDAN.

Programma powe Minggoe tg. 13 Jan. 1935.

8.00—9.30 (isoek-isoek) Batavia. Archipelzender (49.67m); Batavia I (190 m): Njebarkeun bedja ti Kathedraal.
9.30 11.00: Njebarkeun bedja ti Prot. Kerk.
8.00—9.30 Bandoeng (49,02 m.: Njebarkeun bedja ti Petruskerk.
9.30—11.00: Njebarkeun bedja ti Ger. Kerk.
Batavia II (125.9 m):
8.00—11.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe.
Archipelzender (49.67m); Batavia 1 (190 m); Bandoeng (49.02m): Bogor (181.7m); Soekaboemi (193.5m).
11.00: Wilhelmus.
11.00—11.30: Roepa-roepa lagoe.
11.30—12.00: Programma Richard Tauber.
12.00—2.00: Lunchmuziek.
2.00: Toetoep.

6.00—6.05: Nirom-nieuwsberichten (copyright Aneta)
6.05—7.00: Tusschen licht en donker.
7.00—7.20: Njaritakeun tina pasal boekoe, koe J.H. François.
7.20—8.15: Klassiek vooravond-concert.
8.15—9.15: Concert.
9.15—9.30: Programma Friederich Schorr.
9.30 - 10.30: Dansmuziek.
10.30: Toetoep.

„N.I.R.O.M." BAGIAN LAGOE-LAGOE ASIA.

Programma powe MINGGOE
10.00-10.40: Njebarkeun lagoe-lagoe Djawa tina plaat plaat gramophoon.
10.40-11.10: Njebarkeun lagoe-lagoe Malajoe, diloeloegoean koe Belloni djeung tatabeuhanana
11.10-11.50: Njebarkeun lagoe-lagoe Tionghoa tina plaat-plaat gramophoon.
11.50—12.20: Krontjong Tjilatjap sarta diloeloegoean koe Mis Ijem
12.20—1.00: Njebarkeun lagoe-lagoe gamelan Soenda.
1.00: Toetoep.

5.00—5.40: Krontjong.
5.40—6.30: Njebarkeun lagoe-lagoe Djawa.
6.30—7.00: Saeutik njaritakeun tina pasal kawarasan.
7.00—7.40: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Malajoe tina plaat-plaat gramophoon.
7.40—8.20: Amboneesch fluit—orkest.
8.20—8.40: Krontjong.
8.40—10.00: Njebarkeun roepa-roepa lagoe Soenda tina plaat-plaat gramophoon.
10.00: Toetoep.

Pasar Bandoeng

Noeroetkeun tjatetan ti Gemeentelijk Pasarbedrijf, harga barang djeung roepa-roepa kadaharan di Pasarbaroe Bandoeng nepi ka tanggal 10 Januari 1935 teh saperti noe kaseboet di handap ieu:

Beas kapala saliterna à	f 0.09
„ No. 1 „ „	„ 0.07½
„ „ 2 „ „	„ 0.06
Endog hajam sahidjina	„ 0.02½
Endog meri „	„ 0.02
Kalapa sahidjina	„ 0.03
Minjak kalapa ½ liter	„ 0.20
Laoek asin sakatina	„ 0.20
nepi ka	„ 0.60
Laoek laoet ½ kg.	„ 0.15
nepi ka	„ 0.25
Daging keur sop ½ kg.	„ 0.20
„ lapis „ „	„ 0.25
„ beunang njatjag ½ kg.	„ 0.25
„ moending sakatina	„ 0.25
„ babi „	„ 0.45
nepi ka	„ 0.55
„ embe djeung domba	„ 0.40
Hajam sahidjina	„ 0.25
nepi ka	„ 0.60
Meri „	„ 0.35
Hoei koemeli sapikoel	„ 1.80
nepi ka	„ 3.—
„ „ 100 siki	„ 0.15
nepi ka	„ 0.20
Goela saboengkoesna	„ 0.03
nepi ka	„ 0.09
Tjaoe radja sasikat	„ 0.10
nepi ka	„ 0.20
Tjaoe ambon sahidjina	„ 0.10
nepi ka	„ 0.20
Djeroek sahidjina	„ 0.02
nepi ka	„ 0.06
Ganas sahidjina	0.03
nepi ka	„ 0.10

KANTOREN:
R. Idih Prawira di Poetra
RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
Oeroesan: Civiel, Crimineel, sareng sadjabi ti eta
Hoofdkantoor di Garoet:
Regolweg No. 2
Bijkantoor di Tasikmalaja:
H.A. Masdoeki, Djadjawajweg No. 4
Bijkantoor di Bandoeng:
G. Tjikapoendoeng 176/13C.

LEBETAN ADV.

SIPATAHOENAN

Tangtos aja mangpa'at na, Ageung hasilna.

Bank Pasoendan

Saniskanten kamadjengan: oge, goemantoeng kana kakiatan economie.

Koe margi eta geura ngagaleuh aandeel

BANK PASOENDAN

MOAL KAWON KOE
Listrik .....
TJAANGNA MAH!!!

Koe margi eta ngagaleuh ti ajeuna keneh: Lampoe merk **„Lilor"**, noe teu kinten tjaangna irit sareng kiat dianggona. Sajagi roepi² aja: **Gantoeng, Doedoek** sareng **Taplok.**

Ditanggel 100 pCt. njoegemakeun. Sanggem ngadangdosan lampoe roepi kieu.
Mangga moendoet katerangan sareng prijs conrant ka:

TOKO A. B. C.
Pasar Baroe 49 — BANDOENG

Oge nampi barang dangdosaneun kalawan nganggo schriftelijk garantie. Roepi-roepi barang di tampi sapertos: Lampoe², bedil, pestol, mahtoer pohpor bedil s.s.t.e. Ditanggel njoegemakeun.
1726

JOODKALIPILLEN TJAP „B. K."
jang soedah termashoer bagi
MEMBERSIHKEN DARAH SAKIT ENTJOK (rheumatiek) astma dan oerat² terasa kakoe (aderverkalking
Boleh dapet beli di saben toko² didalem pipah isi 20 pil, dengan atoeran memakannja
Monster dari 100 pil, dengan atoeran memakannja dikirim franco diroemah setelah terima kiriman postwissel dari f 1.— kepada
—N. V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK —

LOGODJO

Koe:
Sjarif-Amin.

Tina: *„Uit de gedenkschriften der beulen van Parijs".* *(1685—1845)*

70

— — — — — — — —

Mani tjoeringhak adpokat anoe ngabela padmi markies teh, pantesna kaget ngabandoengan eusina ketjap-ketjapan koering anoe dipake nakis dakwaanana.

Tamat koering njarita, nja pihak lawan teh kaidinan deui ngedalkeun pamanggihna, anoe pokpokanana kieu:

„Para djoeragan.

Doeka, sim koering teu tiasa ngira-ngira, matak kaget sareng hookeun henteuna ka para djoeragan, katerangan anoe nembe dilisankeun koe anoe didakwa.

Sa-sim koeringeun?

Leuh, euleuh, na' asa koemawani teuing, tjoetjoengah, soemolondo, marok-marokkeun maneh, nepi ka *hidji logodjo* ngakoe-ngakoe sapantar, satahapan sareng sagolongan sareng para djoeragan sadaja, rengrengan pangadilan nagara!

Noemoetkeun katerangananana, manehna teh merenah, malah kedah aja di saloehoereun para djoeragan, noe ngapalaanana, langkoeng agoeng ti batan noe djanten poersiter!

Soldadoe ngorbankeun njawana keur kasalametan nagara......

Mangga koe para djoeragan di lenjepan!

Sim koering moal ngabantah kana pamendakna, da teu kitoe oge parantos ngabantah sorangan.

Tjekap oepami koe sim koering di dieu diterangkeun, jen panghina kana padamelan logodjo teh parantos sami koenona, kolotna, sareng doenja noe ajeuna dianggo ngalalakon koe sakoer anoe koemelip.

Sami kolotna sareng doenja ka toet eusina!

Kamanoesaan, nja kitoe deui alam noe kaalaman, tinggal tetep nganggap hina sareng kajip ka noe saroepi kitoe teh........."

Lain meumeueusan ragotna sawala antara koering djeung adpokat anoe ngabela padmi markies teh, toer doea pihakanana taja anoe njerah, saroea pada ngasongkeun alesan-alesan anoe bisa dipake ngoeatkeun katerangananana.

Toengtoengna?

Soerat-soerat, toelisan-toelisan anoe patali djeung oeroesan koering didakwakeun koe padmi markies teh, noempoek di kantor pangadilan, ngahoenjoed dina medja gilipir noe kapapantjenan ngoeroeskeunana.

Hartina?

Henteu poetoes perkara koering teh, sarta moal aja poetoesanana........."

Kitoe tah, lalakonna Charles Henry Sanson waktoe didakwa koe padmi markies teh.

Toelisan-toelisan oeroet biantarana, katerangan anoe koe manehna dipake ngabela dirina, dipake ngadjoengdjoeng harkat-daradjatna noe djadi logodjo, malah merenahna pisan mah diseboet anoe moedji kana pagaweanana ngadjalankeun hoekoem pangadilan, disimpenna di gedong pangadilan teh koengsi aja windoena.

Sanson, logodjo noe pangpandeurina, intjoena Charles Henry Sanson anoe koengsi ragot sawala ngabela kahormatan kapangkatanana, manggih toelisan djeung tjatetan-tjatetan ejangna saroepa kitoe teh gantjang miloe nambahan pamanggih, noe kieu pok-pokanana, ditoelis dina tjatetan tea:

„Naon hartina, naon kakoeatananana alesan-alesan anoe disandarkeun kana elmoe djeung pangadjaran, lamoen koedoe dipake ngajonan rasa lelemboetan djelema noe meroehkeun dirina masing-masing?

Tah, nja rasa kamanoesaan anoe lemes kitoe pisan, anoe salawasna *moedji* djeung *ngahormat* perdjoerit maot di medan perang, *ngabebaskeun* djeung *ngahampoera* noe silih paehan djeung .... *ngahina* logodjo noe poerah maehan sasama oemmat......... Tapi, sakitoe deui, koemaha pibisaeuna na djelema ngahina logodjo lamoen teu djeung *ngahina hoekoem patina noe ditibankeun koe pangadilan?........."*

Kitoe tah, ari anggapan Sanson, logodjo noe pangpandeurina mah.

Balik deui kana lalakon Charles Henry Sanson:

Taoen 1754 manehna ngagentenan bapana anoe loempoeh tea. Taoen 1778, nepi ka mangsa bapana tilar doenja, manehna ngadjalankeun pagawean teh kalawan opisil disahkeun koe nagara.

Sapandjang anoe kaoeni dina tjatetan-tjatetan anoe bisa digoear ka beh dieunakeun, ieu djadjaka teh kaasoep ka sala sahidji kakenalanana Jeanne Vaubernier, parawan anoe kakontjara kageulisanana, loembrah djadi katjapangan djalma rea, sa-nagara, babakoena di kalangan noe marasih keneh djadjaka, kawas Charles Henry Sanson.

Ieu parawan teh, anakna toekang ngapoet, awewe hade roepana, pantes noeroen ka anakna.

Eta bae, kapan indoengna oge, tjatjakan oekoer golongan tjatjah mah, make bisa meunangkeun ponggawa nagara, antenar padjeg moen ajeuna mah diseboetna teh, ngaranna Vaubernier.

Tapi, nja kitoe tea bae, ma'loem ka noe hade roepa, tapi harkat-daradjatna teu kaasoep loehoer, atoeh dina boga anakna oge, tjeuk sawareh mah lain ti Vaubernier, salakina, tapi ti noe sedjen, ngaran Gomart.........

Djadi, rada kiroeh bae ditjoek tjroek ti girangna mah eta boedak parawan teh, mentjrang herang oekoer roepana.

Dina keur soemedeng pikaresepeun, pikabitaeun noe nendjo teh, Jeanne Vaubernier digawe di sala sahidji toko pakean awewe. Ieu oge nja noeroen ka indoengna deui bae, indoengna noe poerah ngapoet tea.

Djadi toekang njieunan model pakean Jeanne teh, lantaran kitoe bakatna, boga watek bisa make djeung mapantesna, malah katoet njieunna, ngareka-reka potongan badjoe djeung sabangsana.

Koe pangdjeudjeuhkeunana Gomart, noe teu pati tetela (nja doe meh ngarasa djadi bapana tea meureun) naon sabab-sababna pang manehna daek ngoeroeskeun ieu parawan, keurna leutik Jeanne teh dipasantrenkeun ka klooster, diadjar kana ngasoeh diri koe kabatinan.

(Samboengeun).

Lalakon Indo.

Geura, da eta mah lalakon Indo (moal Indo naon deui!), tara teu ragot; komo koe noe bisa nga dalangkeunana mah.

Geus ti taoen 1932 keneh di dieu diadegkeun perkoempoelan noe ngaranna I.S.P. (Indische Staats party), beubeunangan toean Quix noe ajeuna ngamoedi dagblad „De Volksstem" di Batawi.

Ieu perkoempoelan teh nangtoengna (sanadjan saga euweuh!) ngabanding djeung I.E.V. (Indo-Europeesch Verbond), lantaran diadegkeunana oge, sabagian gede mah lantaran ka teu soegemaan koe I.E.V. tea, noe koe anggapanana madjar henteu njoempon nan bener kana kaperloean kaoem Indo dina hiroep sapopowena.

I.S.P. tea?

Leuh, poegoeh bae leuwih lalonggar djeung laloeasa mah. Ongkoh, anoe ditarimana djadi elid oge teu pilih boeloe, teu pilih koelit, asal anoe ngakoe lemahtjai ka Indonesia, mitjinta ieu tanah djadjahan djeung ngandoeng toedjoean ngamadjoekeunana. Indo naon bae, naha Tionghoa, naha Arab enz. teu dibeda-beda. Malah, totok oge, ari noe tekadna baris teroes moekim di Indonesia mah, toer mikanjaah ka ieu tanah djadjahan katoet bangsa indo-indo noe sedjenna tea, ditampa koe asta doea.

Kaoem Indo baris nganggap doeloer (pet koe hinis?) ka sagala golongan, nja kitoe deui ka Ki Marhaen noe pangboke-bokena, da henteu ngoekoer tina koelit tea. Malah, pangakoeanana, oerang Dajak djeung Papoea oge moal dipingsalkeun, asal enja daek sabiloeloengan keur kapentingan ieu tanah djadjahan.

Noe djadi hoofddoel ieu pagoejoeban, soepaja soeal economie noe barebetah djeung moal ingkah di ieu tanah djadjahan bisa dipadjoekeun.

Economie „alle bevolkingsgroepen van Indie", soepaja djadi golongan noe kaja, noe baleunghar, aja dina tahapan gede harga na, ... dat zelfs de Inlandsche grassnijder in een auto, zij het ook een Ford „type 1923" danwel een Chrysler „type 4000", naar het terrein zijner dagelijksche werkzaamheden kan rijden." (nepi ka Ki Marhaen toekang ngarit pisan, bisa toempak mobil ka pagaweanana sapopowe teh, boh Ford taoen 1923, boh Chrysler model 4000).

Nepi ka lebah dinja loeloeasanana noe boga toedjoean teh; loeas, nepi ka teu sieuneun kalepasan djoerig!.........

Kitoe ringkesna pisan mah.

Di dieu moal njatjampah kana kajakinan atawa paham batoer; moal wani timpah njeboetkeun jen eta toedjoean teh saroea djeung noe hajang ngadjoel bentang koe asiwoeng, atawa „utopie" tjeuk basa asing, tapi rek ngadadarkeun anggapan noe saka dar kaharti koe akal loembrahna djelema.

Oepama nilik kana lalakon noe enggeus-enggeus, malah ngabandoengan harkat-daradjat kaoem Marhaen noe katendjo djaman ajeuna pisan, wani katempoehan, jen samemeh Ki Marhaen ka tegalan toempak Luxe-New Ford teh, I.S.P. geus poejar manten. Memeh Ki Marhaen ngarit toempak mobil (?), kapiheula an koe bangsa Indo noe djaradi millionnairs!

Naha dina mangsana Indo atawa leuwih tetela noe djadi aanhangers I.S.P. ngabogaan kapitaal aja reboena roepia (leuleutikan), rek daek ngadagoan Haen noe dina tahapan naktak moendak?

Oepamana ieu mah, sakadar ba bandingan!

Nja bener, sawerga doenja lamoen kitoe mah tanah djadjahan deungeun teh.

Indo- djeung Indonesiers djadi „toean roemah" noe ngandoeng harti 100 pCt., ngeusian tahapan hiroep noe pangloehoerna, nepi ka kapaksa koedoe ngimport tanaga ti nagara lian, bangsa totok djeung singkeh, keur djadi koeli poenale-sanctie dikontrak Deli, boetoeh keur noe mangarit keun koeda toenggang atawa koedaadoe Indo djeung Indonesiers. Keur djongos perloe make totok, koki djeung baboena ti Paris.

Tjoba, di doenja mana noe leuwih senang ti batan di „Zelfstandige Indonesie" noe aja dina tjita-tjita I.S.P.?.........

Tjeuk saha henteu kareueut? Teu matak oeroej noe eukeur njiram?

Padahal, poho kana hebatna *struggle for life*; poho kana kahawekanana mahloek di pawenangan, sagala roepa hajang seubeuh sorangan, ngeunah sorangan, mah-mah mih-mih sorangan.

Lamoen di kalangan hidji-hidji bangsa keneh, geus pagede-gede hoeap, di Europeesche groep aja noe woengkoel poerah keklejeran dina mobil geruischloos, poerah pelesir djeung soekan-soekan sabalikna ti noe poerah ider-ideran boetoeh koe saameun sakopeun; lamoen di kalangan Indonesiers aja noe loebak-liboek salieuk beh djeung noe lieuk euweuh - ragap taja, betah nendjo bangsana dina hiroep lara masakat, sabalikna ti maranehanana, teu pati kaharti koe akal rek daekna walatra sacerang saeutik sewang teh!

Kitoe memang watekna doenja djaman ajeuna!

Papelit-pelit sarerea oge dina seuhseuhanana mah enggoning pareboet hiroep teh, sigana karasa wenang mah hajang silih reweg, silih legleg!

Karoegian noe sapihak biasana djadi kaoentoengan anoe sedjen, djeung sabalikna.

Dina keur kataradjang karerepet patjeklik saperti kiwari, kapan geus der, malah geus lila kaoem Indo ngarenghik hak tanah Ki Marhaen, kalawan make roepa-roepa alesan noe netelakeun jen maranehanana geus katjida kasedekeunana, pohara katinggaleunana dina hiroep-koemboeh.

Naha kira-kirana Ki Marhaen kasesered, djaoeh tinggaleun koe batoer-batoerna dina pakoemboehan rek didaragoan?

Aja noe baris welas noengtoen maranehanana nepi ka bisa baba rengan?

Geus ilahar, sarerea oge eling teh dina keur peurih, roes-nas rea karoemasana teh dina mangsana njorang toegenah, njorang dododja. Dina keur kitoena, kakara inget ka diri pribadi, kana tjeda-tjeda (gebreken) awak sorangan.

Poelih kaajaanana........., poho deui bae........., paribasa oge dina keur boengah ngeunah mah adam teh sok lali patapelan.

Paingan ti barang ngadeg nepi ka kiwari teh ngan oekoer ngaranna aja I.S.P. mah; pantes rek kitoe teh, lantaran noe djaoeh ingetanana 'mah teu nendjo 'ge geus bisa ngambeu.

Pirakoe soegan ngan rek poerah ka(di) patjikeuh bae mah!

(Pageto oerang teroeskeun).

Mh. K.

Kiriman.

(Loear tanggoengan Redactie)

Hoemajoea hajang pajoe.

Galih Pakoean oewar-oewar oemangken keur noeloengan kaoem boeroeh, malah ngembarkeun sing saha kaoem boeroeh noe aja di kalangan locale raden djeung noe sedjenna sarta moen doet Saptoe nummer, baris dihatoeranan *Galih Pakoean* gratis.

Di diditoena mah moal salah deui pangna kitoe teh keur ngadamel reclame soepaja sadaja kaoem boeroeh pada ngalanggan Galih Pakoean itoeng-itoeng moe lang tarima pedah noeloengan.

Ngadamel reclame soepaja pajoe daganganana memang vrij, ngan ngadamel reclamena kabiasaanana sok nembongkeun kaaloesan daganganana, oepamana bae daganganana teh soerat kabar, dina eta soerat kabarna tea diebrehkeun tedi ekna, penting eusina goena oemoem, tabah ambahanana, pepek eusina, pinteh koe ilmoe noe laloehoer sarta harameut lamoen koeweh tea mah, da poegoeh kenging ngadamel pangarangna, sanes kenging nga bontjeng ti soerat kabar batoer, leubeut advertentiena s.dj.t. nepi ka noe maratjana teh ngaraos ni'mat, ngaraos dibeberah manahna, djadi rebo ngandoengan ilmoe sareng loeang-loeang kekengingan tina eta soerat kabar tea, noe djadi pangarangna oge milihan noe loehoeng koe ilmoe, noe beurat beunghar koe loeangna, nepi ka noe ngalangganna ngaraos soegema manahna.

Koemaha ari djoeragan-djoeragan noe mingpin Galih Pakoean, ngadamel reclamena bet koe ngoesroekkeun batoer — lamoen rek digoegoe tea mah — lakoe lampah kitoe teh eta akal-akal diboeroedjana, teu pantes kabinabina di djaman kiwari bet masih keneh aja noe kitoe taladjakna.

Naon perloena make mamawa Pemandangan djeung Sipatahoenan, ngeundeuk-ngeundeuk geusan eunteup, ngasoet-ngasoet ngarah lakoe.

Kabita djoeragan-djoeragan teh koe madjoena eta soerat kabar?

Kotektak atoeh sabab-sababna pangna madjoe, naha klop kana sarat-sarat noe disebat tadi di loehoer atawa henteu?

Oepami klop, toeroetan atoeh, lain bet dihasoedan, sareng djoeragan H. Adhoeri teh sanes lid Directie „Pemandangan" ngan saderek Directeurna mah enja, andjeunna teu miloe tjampoer na on-naon kana oeroesan Pemandangan.

Deui sadajana leden noe moerstel noeroenkeun gadjih teh sama sakali teu mamawa perkoempoelan Pasoendan, tapi mamawa oetoesan lolobana ra'jat, da eta anoe marilihna oge, ajeuna ra'jat menta toeloeng ditoeroenkeun ka beubeuratna.

Moal dikaboelkeun eta pamenta koe Gedeputeerde, lamoen kaloearan doeit R.R. masih gede saperti ajeuna atawa nambahan belasting anjar, tapi ari nambahan belasting anjar, atoeh tambah ramidjoed bae, da anoe tjararoekoep oge — oepama kaoem eta woengkoel anoe dikeunaanana — kapan sakitoe roemahoehna koe toeroeng sanis kanten pangasilan kagoenganana.

Tina ieu perkawis bade diterangkeun paos koe noe karagoengan voorstelan dina G.P. saparantosna lengkep gegevensna mangga antos bae.

Ngandelkeun G.P. ka djoeragan Soewita?

Matak helok eta mah bet noe ngadjalankeun kawadjibanana dipikaget, estoe model.

Sadjabi ti eta djisim koering sanget teu kahartosna koe djoeragan-djoeragan G.P. oemangken rek noeloengan kaoem boeroeh, tapi kaoem boeroeh noe aja di andjeunna dikaniaja, gadjihna alit djabi dihesekeun majarna.

Koemaha noe mawi kitoe?

Sanes ngaleboean sotja langganana ari noe kitoe?

Aeh-aeh, hoemajoea teuing koe noe palaj pajoe!.

Sakieu bae heula.

Ieu serat bantahan teh kantenan kangge Galih Pakoean namoeng redactiena teu kersaeun ngamoeat, mangga tingali G.P. ping 2 Januari 1935 No. 357 dina kolom wartos ti Redactie.

Koe margi eta sanget nja panoehoen moegi djoeragan Redactie Sip. kersa ngamoeat ieu bantahan.

Hatoer noehoen ti samemehna.

H. TADJOEDIN.

Pag. Sagawe.

Algemeene ledenvergadering Bank V. O. B. Tjikadjang.

Powe Rebo tanggal 2 Januari tempatna di Pamegatan, ngawitan poekoel 8.30 isoek-isoek, disoempingan koe 40 leden tina djoemblah leden 46, sareng saoerang tamoe ti Comite Centraal Cooperatie Garoet anoe ngahadja dioendang.

Voorzitter moeka pasamoan ka lawan nganggo boeboeka noe paos sareng parenting, bari nembongkeun kaboengahanana koe rempegna noe saroemping, tawis jen ieu pakempelan katjida diharгaanana, bari ngamoega-moega soepaja woewoeh satiana.

Ladjeng ngahatoeranan tamoe ti Centraal, medar pamendakna.

Djoeragan Abdoelah madjeng ka pajoen, bari nganoehoenkeun kana ondangan ti B.V.O.B. di woewoeh koe kabingahan noe taja hinggana neh ningali kana rejekna noe saroemping.

Nembe medar pamendakna, doepi maksadna mah meh sapertos noe parantos-parantos bae, ngadadarkeun goenana sareng maksadna roepi-roepi cooperatie. Saladjengna andjeunna njanggeman oepami parantos beres raran tjang Statutenna andjeunna sanggem ngabantoe sareng ngahatoeranan bongbolongan perkawis djalan - djalanna sareng atoeran moendoet Rechtspersoon.

Saparantosna dinoehoenkeun koe Voorzitter, andjeunna ladjeng ngantoerkeun pasamoan.

Ajeuna nembe ngabahas noe aja dina agenda.

Notulen disahkeun.

Kassier maos Jaarverslag, maksadna kaajaan dina 31 December 1934, kieu:

Poko aja f 3057.75, reservefonds f 66.175 djoemblah f 3123.92½.

Noe dikaloearkeun nja eta poko f 434.—rente kotor f 457.835

Diindjeumkeun ka leden f2349.

Dipake modal verbruiksc.f188.

Di Post boekoe no. 4328 B. f 586.—

Saldo di Kas f 0.925

Djoemblah f 3123.925.

Commissie van toezicht medar pamendakna pamariksaan di djero saktaoen tepi ka waktoe eta sarta tjotjog sakoemaha verslag.

Dina rondvraag saroemping wakil Pamarentah, djoeragan Loerah sareng Djoeragan Kopral ngadjalankeun kawadjibanana vergadering dischorst margi rada lami, parantos dihatoeranan katrangan mah ladjeng maroelih bae.

Vergadering diboeka deui, nanging henteu neraskeun Rondvraag, ieu mah teras ngahantja ngabahas Statuten anjar, ngawitan ti poekoel 1 siang, doegi ka poekoel 5.15.

Poekoel 2.30 saroemping wakil ti Cooperatie Itikoerih Tjikadjang, anoe ngahadja dioendang, moeng handjakal saroempingna elat, margi arandjeunna ngintenbade vergadering V.O.B. heula.

Saajeuna Statutenna teu atjan tiasa dioemoemkeun, dimana parantos beres beunang ditangtoekeun, ngan noe perloe pisan bae, ngaranna diganti djadi Bank Coöperatie Persaudaraan (B.C.P.), meunang nampa lid noe lain goeroe di Volkscholen, sarengsena nembe ngaladjengkeun Rondvraag noe katoenda siangna.

Wengina ti poekoel 9, masamoan deui, nja eta vergadering V.O.B. teu aja ondangan babakoena moeka oleh-oleh ti Congres noe haneut keneh, noe katimbang penting sareng ngaboengahkeun. — Oetoesan njaoerkeun - kaom V-O-ers noe dienstna leuwih ti 20 taoen, lamoen dilepas lantaran Overcompleet atawa ongeschikt kenging onderstand.

Handjakal noe saroemping ngirangan teu saperti siangna, lantaran kapegat hoedjan.

Poekoel 12 wengi mah ladjeng ditoetoep bae.

Endjingna teras ngadamel schoolvergadering, tempatna di onderbouw Tjikadjang, diloeloegoean koe Djoeragan Schoolopzienerna, babakoena nerangkeun Inventaris anjar koemaha ngeusianana, djabi ti eta mah biasa bae hal pangadjaran, ti poekoel 9 teh doegi ka poekoel 1 siang nembe parantos.

Moeng ditoengtoengan koe kahandjakalan djalaran anoe parantos diadjam ti tadina bade sakalian ngabantoen boeroehan kangge lebaran noe sataoen sakali tea, anoe biasa leuwih dimoeljakeunana, tapi waktos eta kenging wartos jen sadajana gadjih V.O. saregentschap teu atjan katampi, doepi lantaranana mah, atoeh teu saeutik anoe pinanggih djeung kasedihan dina maroelihna teh, teu aja piongkoseun, pimanaeun ari keur lebaran mah.

Lamoen teu aja pakoempoelan teh, boentoe lakoe.

Moega-moega bae oelah kadja dian deui!

LELANG TJAMPOERAN

pada tanggal 15, 16 dan 17 Januari 1935, moelai djam 9½ pagi-pagi, tempatnja di magazijn S.S. BANDOENG (Tjikoedapateuh), dari barang² jang oleh **S.S. dan lain² dienst Gouvernement** tidak terpakai lagi, begitoe djoega barang² jang ketinggalan dimana kereta-kereta api, station-station dan halte-halte S.S. sebelah Barat Djokjakarta dan barang-barang jang diketemoekan oleh politie.

Satoe per satoenja barang-barang jang akan didjoeal: kira-kira 6 ton badja toea, ± 2,5 ton staalrommel, kira-kira 1,5 ton besi toea, partij ketjil besi tembaga dan aluminium dan babbits rommel; partij besar dari meubelair, kartotheekkasten, satoe partij peperabotan electrisch, roepa-roepa lentera dan lampoe, roepa-roepa gereedschappen dan werktuigen, satoe Kosmos boekdruk Snelpers (sa-compleetnja), satoe partij splitpennen A.G S., satoe partij besar barang-barang dari koelit seperti boeat pakaian koeda, sela dan kantong sela keperloean boeat kereta (voorwagens).

Selandjoetnja 3 auto's merk FORD, DODGE, CHEVROLET, satoe partij pekakas boeat auto dan motor fiets, postpakket jang tidak diambil, speda-speda merk FONGERS, masin-masin toelis dan lain-lainnja.

Atoerannja Lelang:

15 Januari 1935: Barang-barang jang oleh S.S. dan lain-lain dienst Negri tida terpake lagi.

16 Januari 1935: Barang-barang jang ketinggalan dan tidak bisa disampaikan, begitoe djoega barang-barang jang diketemoekan.

17 Januari 1935: Meneroeskan lelang dari barang-barang jang tidak terpake lagi. 8

Het Hoofd van den Magazijnsdienst S. S.

STAATSSPOORWEGEN

Soegemakeun para poetra Djoeragan

Koe djalan ngagaleuh

ROK-ROK
MODERN

TI TOKO

Benkoelen Bazaar

Gr. Postweg No. 10 Pajoeneun Toko Tjijoda — Bandoeng

Pangaos ditanggel mirah 32

Specizal kangge boboran Siam

Baroe diboeka Baroe diboeka

MEUBELMAGAZIJN en LEDIKANTENHANDEL
TOKO LIM KHIE ING merk HIAP SOEN & Co.
Soeniaradjaweg 15 — 15 A.
(sebelah Toko Soeada) Telefoon No. 113 — Bandoeng

Menjediaken banjak roepa-roepa tempat tidoer jang bagoes dalem roepa-roepa oekoeran, jang pake veer dan tida pake veer.

Ada sedia banjak model, roepa² prabot roemah tangga model jang paling baroe. Roepa-roepa lontjeng jang bagoes dari Amerika.

Semoea dengan harga moerah sekali. Didjoeal dengan contant atau huurkoop, dan djoega terima pesenan boeat bikin segala roepa prabot roemah tangga. Pakerdjaan ditanggoeng tjepet dan bagoes djoega moerah.

Silahkanlah Toean-Toean dan Njonja-njonja ambil pertjobaan. No. 22.

DJOERAGAN² ISTRI SARENG PAMEGET

Di toko pribados disajagikeun koffie anoe pangsaena, karaosna matak seger sareng matak sehat kana salira, margi koffie toelen sanes tjampoeran, djaba ti eta njajagikeun Koeweh² sareng Biskoeit noe kwaliteitna sae, pangaos langkoeng mirah. Enggal soemping ka: 30

"BANDOENG STORES"
GR. POSTWEG 30B — TELEF. 30

MONT BLANC

Vulpenhouders sareng vulpotlooden, kwaliteit aja di loehoer sedeng pangaosna mirah.

Pembajaran njitjil tiasa badanten.

Toko ANG WEST

27 Passar Baroe 34 — Bandoeng

DRUKKERIJ
TJAHJAPASOENDAN
Pekiringan 88 — CHERIBON

Ngobrol wengi Ahad.

Nationaliste katjingtjalang . . . . . . !

Karangan Mr. Dr. FANTASIE.

(Speciaal kanggo Sipatahoenan; noe sanes teu kenging metik)

Poelo Luzon reudjeung Mindanao katembongna bangoen ngoejoeng, kawas anoe keur ngandoeng kasoesah kanedih. Di sa-Pilipina katembongna aloem, nagara djiga teu aja dangiang. Sora djangkrik tingtjiritjit dina djoekoet patembalan reudjeung tonggeret banen kadengena matak tingseredet kana hate Senor Agressi Saladona. Getih nasionalis anoe biasana ngagolak lir tjai di taheur dina ketel panas teh ,harita mah tjombrek mani alah batan es. Sagala roepa napsoe anoe dja di panjoeroeng kana kamadjoeana na pagoejoeban „Nazionale Philipino" teh harita mah lir haroepat dipiteskeun, potong teu mang roepa deui.

Sagala roepa tjita-tjita, idealen, angen-angen geusan kamoeliaan bangsa katoet lemah tjai, adjoer djadi leboe, mani beunang -disapertikeun kana adonan haseum anoe teu toeloes didjieun koeweh, noempra namboejoek di djarian, da bongan diawoeran geugeuleuh koe Senorita Rochalieu. Moenara anoe sabata-sabata ditoempoek disoesoen sina ngawangoen toha gana moenara Wanita—Pilipino teh koe Rochalieu mah dirombak diroengkadkeun, antjoer loeloeh djadi djarian noe teu aja poeloe nganeunana. Telenges beh ditoeeun telenges . . . ditjampoeran koe geuleuh, kedji, hina nista, laip teu aja deuleueunana. Pagoejoeban „Senora Philipinno" anoe koe Saladona satengah nekad di belaan, bet koe Rochalieu mah dilejek diloeloeh kawas leutak pi bataeun. Meudjeuhna Saladona harita nepi ka gelap mata, ampir bae Rochalieu dipestol

Ari Rochalieu teh djadi gegedoeg ti hidji tjabang pagoejoeban Senora di Bordeva, dajeuh anoe teu woedoe gede, lamoen di poelo djawa mah kira-kira antara Djogdja djeung Soekaboemi gedena teh. Lain ngan djadi gegedoeg bae tapi sasatna djadi pangreugreug ka sakoemna pagoejoeban Senora di Pilipina. Beunang diseboetkeun salahsahidji babantengna di antara pergerakan istri mah. Manehna teh awewe anoe kaloearan sakola loehoer, boga titel Doctorandus tina bab atikan. Kongas leber wawanen, bisa njarita, diplomaat anoe hese pantarna. Roepana teu kaitoeng geulis, malah leuwih pantes diseboet goreng patoet nilik keukeureutan beungeut djeung dedegan djiga kitoe mah. Koe sabab eta nepi ka sakitoe geus oemoer lilikoeran teh teu atjan pisan ngarasanan ni'matna pakait pikir. Ngan sanadjan teu geulis oge, boeboehan anoe kasipoeh koe elmoe, nja teu woedoe aja sorotan, sarta katjida populairna, wantoening ka djalma bisa tjarita. Tjindekna ari sebagai pamimpin djeung sebagai ahli atikan mah teu aja wadaeunana, tjoekoep sipat sipatna, ngan sebagai . . . . istri gemi, totaal ongeschikt. Kana doeit awoentah, rojal, teu bisa ngamamahikeun pangasilan. Oenggal nampa gadjih oenggal teu mahi, oejoep-ajap ka dieu ka ditoe neangan noe mere ngandjoek. Sakitoe teh tatjan sakoemaha, tapi aja panjakit anoe leuwih parna, nja eta kamegahan kolot kolotna. Trotsch, koemaki reueus koe noe djadi anak, asa aing boga anak berpangkat. Kakara sakitoe mah teu kaitoeng parna, tapi si anak teh bet di djieun goedang doeit. Sasatna diperes, digentjet disina totomplokan mikeun sabagian gede tina pangasilanana, sabab tjenah tatjan tiis pikir lamoen tatjan boga Villa.

Koe hal eta Rochalieu anoe memangna awoentah, katjida ripoehna. Teu heran lamoen hoetangna nepi ka salapoet hoeloe teh. Koerang leuwih bae nepi ka aja lima-welas kalieun pangasilanana. Awak anoe tadina ngan oekoer eusian teh djadi regeng begeng, ragas ngajakas. Beungeut anoe memangna teu geulis, djadi kanjos garing, ngelentreng hideung kawas boegang beurit kapanasan. Taja lian ngan koe bawaning baringoeng. Pamor teh leungit.

Hidji mangsa, bawaning koe bingoeng neangan keur majaran hoetang, leos indit ka hidji oerang asing anoe sok ngindjeum keun doeit, djadjaka anoe teu kaitoeng kasep, ngan boeboehan boga wisit . . . . . rajoengan, nja teu woedoe oge sakadar djadi pamikatan mah aja rasakeuneunana. Komo ninggang ka Rochalieu mah anoe nja keur bingoeng, nja tatjan pisan ngarasa dipigeugeut koe lalaki. Eta djadjaka teh teu aja noe terang ngaranna anoe sadjati, doemeh loba pisan alias-na, ngan anoe sok matoeh mah seseboetanana teh Senor „Don Juan". Di landi kitoe teh doemeh sok mikat awewe djeung kongas latjoerna.

Rochalieu koe Don Juan dibere ngindjeum doeit pikeun majaran hoetangna.

Nepi ka waktoena majar, teu bisa naoeran, ngan oekoer bisa sasadoe. Don Juan teu aja bangoen ambek, malah kalah nawaran bisi rek ngindjeum deui. Noe keur poëkeun, ditawaran, atoeh haripeut naker nanda acceptatie. Koe Rochalieu teu kahartieun, jen eta teh aja deui maksoedna anoe leuwih djero.

Barang nepi deui kana waktoena majar, loepoet deui bae teu bisaeun majar.

Koe Don Juan teu diambek, ngan oekoer disingsisieunan, jen ieu oeroesan kapaksa dipasrahkeun ka Pangadilan. Rochalieu katjida sieuneunana, sasadoe tomada menta dipikaroenja, tapi teu aja pedahna, basana teh keukeuh bae arek di perkarakeun, kadjaba lamoen. . . . . ngalaksanakeun napsoena si Don Juan.

Rochalieu mani ngagebeg barang Don Juan aja pamentana kitoe teh. Koe manehna ditjarekan laklak dasar, tapi anoe ditjarekanana kalah imoet koemasep bari ngomong: „Eh senorita, andjeun geus njieun doea roepa kasalahan Noe ka hidji doemeh gadjlig teu majar hoetang ka koering dina mistina, demi anoe ka doea doemeh geus sakitoe langsoeng saoerna ka koering njarekan anoe henteu lajak pikeun terhadep ka djalma terhormat kawas koering. Koe sabab eta andjeun oelah sambat kaniaja, ajeuna keneh koering arek nelepon ka poelisi pikeun nangkep andjeun". Bari ngomong kitoe teh eta lalaki noeroestoendjoeng toeloej njekel tolepon poera-poera arek njaloekan poelisi. Rochalieu ngarendjag, ngagebeg reuwas lain dikieuna; Don Juan dirontok dipoentangan, bari sasambat melas-melis hajang dipikaroenja, pokna: „Doeh Senor, andjeun teh Senor anoe bageur. Pirakoe bade tega ka koering awewe miskin anoe teu daja teu walakaja njanghareupan andjeun. Koering awewe hengker anoe pati hoeripna dina waktoe ieu aja dina dampal leungeun andjeun pirakoe koe andjeun bade sina ngarandapan kanistaan anoe matak ngadjadikeun penal ka bangsa djeung ka lemah tjai koering? Sing emoet Senor, jen koering teh djadi pamingpin rajat koering. Djadi oepama koering nepi ka meunang noda teh hartina rajat koering anoe dipingpin koe koering oge kanodaan. Pagoejoeban koering tangtoe meunang geugeuleuh anoe moal laas koe dikoembah, moal toetoeng koe didoeroek. Tjing atoeh Senor sing karoenja ka koering."

Lalaoenan Senor Don Juan ngalesotkeun rangkoelanana Rochalieu, bari tjelengok diamboeng didedetkeun harigoena bangoen geugeut meumeut, kawas dina bioskop Charles Farel ngagelenjon dina harigoe Janet Gainor. Noe diamboeng, saoemoer doemelah kakara ngarasa aja lalaki kikitoean ka manehna, bangoen karasaeun, ni'matna resmina teh, nepi ka lat poho di ka-istrian. Don Juan ngaroengroem ka noe keur leumpeuh Dilelemoe koe omongan anoe manis matak kareueut awewe. Dasar atoeh dina kitoena mah Don Juan teh toekangna.

Tjarekna Don Juan mah hoetang pihoetangna Rochalieu teh harita oge poenah loenas teu aja sapeser bengo deui. Rochalieu pertjaja bae jen kitoe teh sarta pertjajaeun jen Don Juan rek saenjana miheueuh ka manehna teh. Teu pisan boga pikir rangkepan, abong-abong tatjan aja loeang t. na oeroesan saroepi kitoe mahi Rochalieu estoening masrahkeun badan sakoedjoer harita teh. Estoening teu aja basa „l a r a n g a n" atawa „t j e g a h a n". Poho kana batal-haram atawa siksa-doraka, awahing koe kadjiret koe pitapakna Don Juan.

Kalawan soesoeloempoetan, perhoeboengan roesiah antara Rochalieu djeung Don Juan djalan teroes. Rochalieu, parawan soetji anoe tadina dipoedji dihormat koe oerang Pilipino oemoemna, choesoesna atoeh koe pagoejoeban „NAZIONALE PHILIPINO" djeung „SENORA PHILIPINO", ti harita mah harkat martabatna teh moal beda reudjeung geugeuleuh djarian.

Dasar atoeh Don Juan djadjaka palatjoeran noe tara njesakeun awewe, djorok djarambah teu pilihan; teu heran oepama nepi ka ngabogaan panjakit kotor. Geus tangtoe bae eta panjakit teh tepa ka Rochalieu „parawan" anoe ngan ngaranna woengkoel. Oenggal poë Rochalieu taramba di roemah sakit, poelang anting ngadon dioebaran. Panjakitna katjida parnana, nepi ka kapaksa dirawat di roemahsakit bae, ngagodjod opat belas poë. Malah nja harita pisan katangenna koe djalma rea teh. Kabeneran deui Doktor anoe ngoebaran teh hidji nasionalis anoe kandel rasa kabangsaanana. Oenggal poë Rochalieu ditjarekan dihina dinista disaroeakeun djeung sato anoe pangnistana. Tjarikan lain kadjoeroeng koe kawadjiban mah jen koedoe ngoebaran noe menta tamba, da ekeun keneh ngaratjoen ka Rochalieu teh, awahing koe mangerakeun, mangwirangkeun, nepi ka aja pamingpin bangsa djiga kitoe, toer anoe geus boga ngaran hade. Salilana Rochalieu aja di roemah sakit, Don Juan tara towong ngalongokan, tampolana sapoë teh aja doea kalina.

Nja koe hal dilongokan tea kabitoerna anoe soesoeloempoetan teh. Atoeh poegoeh bae geder goejoer lain meumeueusan. Sakoer nasionalis di dajeuh Bordeva mah pada ambek, nepi ka teu euweuh anoe hajang ngerekeb ngerewes motongkeun beuheungna. Tjatjakan lamoen maehan teu aja hoekoemanana mah, boa ti bareto keneh geus paragat Rochalieu djeung Don Juan teh.

Di antara nasionalis di dajeuh Bordeva teh aja anoe dipisepoeh, menak terah Sepanjol toelen, namina Senor Nanzio. Katjida idjideunana teh, nepi ka ngahadja ngontrog bareng djeung sobat dalitna, Senor Albini Mazulin.

Rochalieu ditoetoendjoek, ditjarekan beak ka taeun ngora-ngorana, pokna: „Sebagai nasionalis, aing teh mani hajang modaran ka mangkeloek pantaran sia. Da lamoen modaran djelema teu aja hoekoemanana, sia ditjekek koe aing nepi ka njawa sia kasarad tina dampal leungeun aing priba di Sia teh kalah ka omong bae, ngakoe nasionalis inih-itoeh. Ngakoe rek bela bangsa, ngangkat daradjat lemah tjai di hareupeun djalma rea, tapi ari lampah sia teh sahandapeun martabat sato. Da lamoen tjenah sia koedoe dihoekoem pitjis, aing anoe pangheulana njopak kekenjos sia, deuleu . . . . . !" Wah rea-rea deui omongan Graaf Nanzio de Parelli teh. Noe ditjarekan toengkoel ngeloek bari sidengdang dina tempat tidoer. Lahoenan tjiproek koe tjipanon. Teu kadoega tanggah bawaning koe era, wirang asa teu boga beungeut. Harita kakara karasa hina-nista, laipna dirina teh. Hatena gegebegan rerendjagan. Roes-ras sagala kapikir. Tjeurik djedjeritan dina hate, tapi . . . . . te laat. Naon pedahna. Napsoe noe matak kadoehoeng, badan anoe katempoehan.

Ti harita ngaranna djadi penal, tjambal malah teu aja saoerang-oerang atjan nasionalis anoe daek ngawawoehan ka manehna. Koe tjabang Bordeva mah manehna ditjoret koe mangsi beureum, dianggap geus paeh di djarian bae. Koe sakoer pagoejoeban nasional manehna dianggap panjakit PEST anoe matak tepa tea, ditjirian ditetengeran. Lamoen rentang-rentang ti kadjaoehan keneh oge geus pada ngekeak, malah lamoen teu pada njaram mah aja noe nepi ka rek maledogan. Demi panjakitna, bet teu paja tjageur, da bongan Don Juanna gagabah, atoeh djol deui, djol deui Tina kitoena, babakoena deui doemeh ngarasa hareudang aja di Bordeva, toeloej titirah di Kolotna, dajeuh Gilgonda di pagoenoengan. Koe kolotna sasatna teu diakoe, lamoen teu sasambat aeukaeukan gogoleran mah, kana kalantar antoekna teh. Malah bapana mah, awahing ngarasa wirang nepi ka meh bae maehan maneh. Babatoeran, tatangga djeung kawawoehan teu aja noe ngaropea, malah kabeh ngewa, idjid, geuleuh bae ka Rochalieu teh. Di Gilgonda, tjatjakan lain di imah kolot mah boa koemaha meureun awahing koe ngarasa wirang. Rarasaanana teh alamdoenja asa merang.

Sanggeus kira-kira noe geder di Bordeva tiis, toeloej Rochalieu balik deui ka pangoembaraanana, babakoena doemeh boga pagawean tea. Datang ka Bordeva, perhoeboengan roesiah diteroeskeun deui bae djeung Don Juan. Oejoehan teu kapok.

Eta bedja kaemper-emper ka dajeuh Tracini, babakoena ka Senor Agressi hidji nasionalis anoe vurig pisan, anoe satengah nekad ngabelaanana pagoejoeban „Nazionale" djeung „Senora". Teu talangke deui manehna toeloej neteg browning, njoren balati, teu bebedja2 atjan ka pamadjikanana, jen rek ka Bordeva ngedalkeun amarahna ka Rochalieu djeung Don Juan.

Datang ka Bordeva ngadjoeg djoeg ka imahna Rochalieu. Ari djol njampak Don Juan keur rarangkoelan djeung noe boga imah. Teu tatanja deui, djol beledag bae dipestol, ngan hadena teu keuna. Ngan sadjeiat Don Juan loempat montjor tina djandela Koe Agressi dioedag dibedilan. Sigana da lain scherpschutter, pelor teh teu aja noe keuna samata-mata atjan, kalah beak. Sang geus tetela jen teu kabedag toeloej malik ka Rochalieu. . . . . pestol ditompokeun kana panonna, diwengkang, barang dibeukaskeun . . . . . geus kosong manten patromna, da lamoen seug aja keneh eusina, wah tjilaka. Parandene kitoe koe bawaning reuwas Rochalieu nepi ka ngagoledag roeboeh kapaehan teu eling-eling. Tatangga ngadarenge sora pestol raboel ngadeugdeug, njampak Rochalieu ngagoler teu inget-inget. Nendjo kitoe teh teu aja saoerang-oerang atjan anoe daek kerna Allah ngagoelanggaper, estoening loerdjeun bae kawas kana bangke sato, awahing koe geuleuh, kedji koe kalakoeanana. Barang nendjo ka Senor Agressi, kawasna teu aja noe bireuk, ka beh pada hormat, malah rea anoe manghandjakalkeun doemeh rere gedna teu koengsi dibedil.

Ti waktoe harita Don Juan teu daekeun deui nembongan ka Rochalieu.

Ari Rochalieu, roepana bae kieu kaloeman, kitoe kaloeman, gawena ngan tjeurik, nalangsa koe polah sorangan. Kadorakaan sakitoe teh djigana bae tatjan sakoemaha. Teu goegoer teu angin, bet aja panjaoer ti pangadilan jen koedoe ngadep, lantaran di dakwa koe Don Juan doemeh geus lawas teu majar-majar hoetangna. Koe kitoe tea mah moe nasabah didakwakeun oge. Acceptatie anoe bareto madjar loenas teh, asal daek noeroetkeun napsoe si Don Juan tea ngan oekoer dina lalambe, da acceptatie na mah teu koengsi dibikeun ka Rochalieu. Ngomong kitoe soteh da ngan oekoer lalambe, doemeh aja pangarahan kana badan na nji parawan (harita!) Hate Rochalieu moenggoeh asa sama gaha lain heubeureujan. Hanas awakna nepi ka digeugeuleuh koe Don Juan, moestika dipaling, heug didakwakeun pisan, djaba ditokerna. Di alam doenja mah kawasna moal aja anoe telenges kedjem kawas Don Juan kitoe.

Gantjangna tjarita Rochalieu perkarana eleh, nepi ka . . . . . diboei. Koemaha nalangsana, njerina, wirangna, samagahana, poëkna, geringna di pangboeian, teu bisa njaritakeun. Djigana bae oepama sariboe panjakit ditamplokkeun kana awakna, dibandingkeun kanjerianana djeung harita, djaoeh tangeh keneh. Doraka, kawalat, katoelah, tideuha ti Pangeran. Hanteu lawas antarana aja di djero boei, manehna diteboes koe kolotna. Ari doeitna ladang ngadjoeal Villa anoe doeitna bareto beunang meres ngagentjet ti Rochalieu pribadi tea. Sanggeus Rochalieu ka loear ti boei, teu poegoeh gadag, da tina gawena mah geus bareto keneh dieureunkeun. Babakoena ngarasa lara wirang teu kadoega roemingkang.

— — — — — — — —

Hidji lid pagoejoeban „NAZIONALE" djadi toekang eretan. (Moegi noe maos oeninga, di Pilipina mah semangat nasional teh njerep ti Ningrat noe pangloehoerna doemoegi ka toekang eretan) ngaranna Cumaha Didigna, hidji poè di waloeugan nendjo majit awewe palid. Barang dihandjatkeun, diilikan bet majit Senorita Rochalieu. Eta toekang eretan teh kawentar djalma ahli toetoeloeng, hade ati hade basa, njaah ka papada kawoela. Tapi barang sidik nendjo majit Rochalieu mah, bet kawas doemadak djadi djalma anoe katjida telengesna. Majit teh ditadjong deui ka waloengan bari koekoe loetoes.

Majit ngaheoeng deui palid. Rochalieu anoe dina hiroepna koengsi djadi nasionaliste anoe seungit, dipikaserab koe lawan, nepi ka kitoena. Hiroepna taja kawalagrian, paehna malakeun maneh awahing koe hareudang ngoembara di doenja. Geus djadi majit oge nepi ka ditadjongan koe manoesa, nista alahbatan sato. Bongan atoeh gagabah.

Djadina NATIONALISTE teh oekoer semet „K a t j i n g t j a l a n g".



Roti boeatan Bakkery Populair?

Mirah dina pangaosna,
Raos ditoeangna
Sae dina kwaliteitna.

BROODJ.- & BANKETBAKKERIJ „POPULAIR"
Telefoon No. 2148

Residentsweg 9. — Bandoeng
1645.

Firma TANG HOK HIN & Co.
A. B. C.-straat 23 — Telefoon. 2589
Bandoeng

RIJWIEL—dan ONDERDEELEN-HANDEL.

Menjediakan merk² jang terkenal. Semoea harga 30% lebih rendah dari toko-toko lain. 28.

Persenkeuneun

kangge rentjang djoeragan, di sajagikeun sindjang batik ti kawit pangaos f 0.45 f 0.50 f 0.70 enz.
Kopeah: a f 0.55
Merk Banaama noe parantos bekend a f 0.85 en f 1—
Ketoe oedeng a f 1.25 a f 1.50 modelna njoegemakeun.
Polekat: a f 1.— 9
Koer'an djilid kaen f 0.75

Mangga enggal soempingan.

KETOE-OEDENG-MAKERIJ
MOHAMAD MOEIN
MODEL MODEL
PASAR BAROE 88
BANDOENG

TOKO A. B. C. PASSAR BAROE 19 - TELF. 123 BANDOENG.

HANDEL IN:
JACHT-, SPORT- en MUZIEK-ARTIKELEN. HENGEL en REIS BENOODIGDHEDEN.
VUURWAPENS en MUNITIE. GASOLINE en PETROLEUM DRUKLICHT LAMPEN en ONDERDEELEN. HONDEN en NEW PERFECTION ARTIKELEN.
REPARATIE ATELIER van VUURWAPENS - LAMPEN enz. enz.
PRIMA WERK en BILLIJK IN PRIJS MET GARANTIE
ONDER DESKUNDIGE LEIDING.

BANDOENG, den 28 October 1934

Jang terhormat
Directie dagblad "SIPATAHOENAN"
di
B A N D O E N G.

Toean-toean jang terhormat !
Dengan perantaraan soerat ini, saja membilang banjak terima kasi, lantaran saja merasa banjak sekali hasilnja advertentie jang saja kasi masoek di toean-toean poenja soerat kabar.
Dari segala peloksok jang saja tida mengira, maka saja dapet pesenan barang-barang jang saja wartaken dalem Sipatahoenan.
Sajang tida dari doeloe saja mendoesin, kasih masoek saja poenja advertentie dalem soerat kabar Soenda, jaitoe Sipatahoenan jang dibatja orang banjak dan poenja pengaroeh besar.
Oentoeng djoega saja tida ketinggalan berlomba memadjoeken perniagaan dengan tetep pake djalan advertentie dalem toean poenja soerat kabar, serta dapetken hasil jang baik.

Toko A.B.C.Bandoeng.
H. J. Ees.

Langganan Sipatahoenan

Telef. Adm. 1520

Gentra Istri

Kadoehoeng pipisahan.

(Karangan Djoeragan Kalipah Apo mar hoem)

Kenging ngempelkeun
E.M. DACHLAN.

Liwoeng.

Serat kondjoek ing pajoenan, ka linggih djoengdjoenan abdi, anoe roetjita boedjangga kawoe woehan djeung binangkit, soerti aloes pamilih, kawoewoeh djeung ageung ma'loem, linggih di Pamo janan, kabawah Tjiandjoer nagri, noe tinsa ngabingbangkeun ma manahan.

Sapengkering ieu serat, moegi oelah rengat galih, abdi langkoeng koemawawa, njanggakeun serat ka Goesti, matak tjoea am boseni, pioendjoek ti oerang Goe noeng, noe taja kabisana, matak tjoea amboseni, koemawantoen njanggakeun serat waleran.

Serat noe pasihan tea, koe ab di prantos katampi, nalika maot poen anak, kantenan engkang ge nangis, sok komo diri abdi, anoe ngoekoet ti lelemboet, tjatjakan salira engkang, teu miloe hese sa eutik, geuning nangis engkang moenggah lolongseran.

Komo abdi mah indoengna, keur boedak teh ngan sasiki, toer diseeh koe bapana, atoeh abdi woewoeh asih, estoe boedak pri hatin, woewoeh seep matak loetjoe, malah enggeus tjapetang, se ring naroskeun ka abdi, pokna iboe mana ari mama oedjang.

Kieu abdi nja ngadjawab, doeh mas mirah boeah ati, oedjang mah teu boga bapa, di dieu tjitjing noengelis, pokna pirakoe teuing, geuning itoe tangkal tjaoe, tinang tos aja noe melak, kitoe deui diri abdi, aja indoeng meureunan aja bapaan.

Ngomongna bari ngalimba, semoe noe ngenes teh teuing, hajang panggih eudjeung bapa, teu kawawa abdi tjeurik, gering satengah sasih, teu kasangka bari toe loej siang sareng wengina, henteu lepat sareng abdi, gamparan mah djongdjon bae sosonoan.

Mani teu emoet ka boedak, tjoeltjoelan katjida teuing, da ka goengan anoe anjar, sok kilangbara ka abdi, koemaha teu rek njeri didamel kawas ka toenggoel, abong ka noe waloerat, bet disapirakeun teuing, boedak gering sasar natanjakeun bapa.

Noe mawi teu ngawartosan, nalika katjida gering, abdi teh sa nes teu hajang, bati ngerik bae pikir, isin koe rai Goesti, kantenan ka abdi bendoe, da poegoeh gamparan mah, rai teh sanes sahidji, hidji soteh rai anoe kasang sara.

Katoeroeg-toeroeg abdi mah geus sanes-sanesna deui, ngaranna ge popotongan, mana teuing bae rai, bendoena teh ka abdi, tangtos njeuseul bari noendoeng, sia anoe ti mana, bet loenta-lan to ka aing, hajoh mantog kadi toe sia sing anggang.

Lah Gamparan ajeuna mah, ngaraos sareung teuing, taja noe disangbaeupan, mondok oge djem plang-djempling, awak ge lintoeh deui, kapoengkoer mah abdi koe roe, ngawoelaan gamparan, roa karoedet karoengsing, lah Gampa ran kembang koedoe teh geus ligar.

Lami ngantosan Gamparan, ka was noe hajang dipetik, moena kembang bisi ngomong mah meu reun njarita ka abdi, naha Goesti teu soempiug, ka abdi teu aja ngamboeng, komo noe di boetoe an, baroesik henteu aroesik, aloem lajoe di leungiteun koe doenoengan.

Doenoengan noe loentjat moe lang, noe taja pisan kaeling, loe as manah teu kapalang mani teu pisan ngalingling, da kagoengan anoe galing, katoengkoel njoengkeman geloeng, bari njonjo geu lang, kawas noe toedjoe koeriling, teu katalang sakitoe ditinggal hi lang.

Abong kena patoekangan, toe kang nganjerikeun ati, pangang go goesti bosenan, babarian loen tja-lintji, kawas kana malati, anja ran mah matak loetjoe, diamboeng disoengkeman, karasa teuing koe abdi, anak hidji doegi ka adjalna pisan.

Taja noe djadi lantaran, ngan koe kanjerian ati, disangsara koe Gamparan, nja tepa ka boedak roengsing, keur gering sok dipoe sing, indoeng ngcejoeng koe ka bingoeng, raga ragas ngagambang, moen peuting sok sering njaring, mingkin eling soemelang ka anoe hilang.

Narapel bae na mata, bawaning koe diplati, katingal sagala peta, anak keur dipoesti-poesti, sedih moen ningal roti, saban so re isoek tangtoe, si djenat osok menta, lamoen teu emoet ka pas ti, hajang kaboer anoe teu aja ka tjipta.

Manasi tjara Gamparan, pantes bae nadjan lali, seueur pilan dongeunana, moal bet djadi pa njakit, ari heug diri abdi, enggeus teu bapa teu indoeng, goelak-gi loek sorangan, gadoeh ge doeloer lalaki, estoe woengkoel ngan tamba keueung di imah.

Sakitoe abdi oendjoekan, noehoen oepami digalih, ngawaktja keun ka Gamparan, ajeuna mah mangga Goesti, singanteng bae linggih, oelah dek oenggoet koe lindoe, tong gedak kaanginan, ari menggah diri abdi, saajeuna dek njenangkeun hate heula.

Tatjan leungit seseblakan, ari ras sok hojong tjeurik, doeka taoen doeka boelan, njoehoenkeun timbangan Goesti, abdi teh noe sajakti, ka Goesti bade mitoehoe, moegi gamparan rila, aja timbangan ka abdi, disoehoenkeun eng kang sing iandoeng aisan.

Tobat abdi ka Pangeran, sanes nampik ka pangasih, sanes naek keun harega, ti kapoengkoer ge migoesti, lain koe doemeh abdi, soengkan djadi noe katiloe, eta mah koema kadar, titis toelis bag dja diri, moal kenging sanadjan hajang njoraugan.

Koemaha Gamparan damang, abdi mah pangesto goesti, nia raga malang-moelintang moeng ati anoe prihatin, doepi margi prihatin, koe gamparan dibibingoeng, tjatjak salira gamparan, ka abdi teu njisikoedi, moal enja abdi ge wantoen oendjoekan.

Oendjoekeun njanggakeun sem bah, tawis kahormatan abdi, isin sin ge wajahna, margi koe abdi kadjoedi, ka goesti sanes tanding, hoenjoer mapandean goenoeng, kitoe soteh babasan, anamoeng henteu moestahil, dikadarkeun na naon pambenganana.

Naha koe naon Gamparan, nganggo palaj moelih deui, kapan kagoengan noe anjar, menak kawoewoeh binangkit, abdi mah djalma laip, kana sagala toemanoe, kabisa timboeroean, goreng adat ti leuleutik, mapan boek ti nandangan bae siksaan.

Siksaan taja hinggana, ti barang kawit pinanggih, dikakaja koe gamparan, dinjenjeri siang wengi, boa gamparan lali, ka abdi oerang Tjilakoe, anoe kalebet tjilaka, anoe madjahkeun koemaki, raos moerka doraka njebat teu soeka.

Soeka iklas ngagandekan, ike las raga djeung pati, ngan panoe hoen goesti kedah, salin adat noe bihari, sok nganjerikeun ati, kana sagala salingkoeh, salingkoeh di gamparan, tara keresa diiring, sapiosna midamel poetjoek ti girang.

Abdi henteu hajang pegat, la moen adat goesti leungit, nadjan ditjandak masakat, abdi moal we leh ngoentit, meureun moal riri wit, lamoen sareng goesti roentoet, doeriat moal pegat, siang wengi oge meulit da roemaos abdi teh djalma waloerat.

Ti kapoengkoer ge oendjoekan, abdi teh kagoengan goesti, soemerah raga djeung njawa, siang wengi bade ngiring, tjek wiwila nga, abdi didamelkeun poeran noetoe, taja pambenganana, asal oelah dinjenjeri, neda tempo nepi ka natoes si oedjang.

Djangdji abdi moal oedar, moen gamparan henteu djalir, sajaktosna sanes oar, moeng eng kang anoe malibir, babari bae ging sir, aloer osok loentoer saoer, ka poetra ge djoledar, doegi ka itjal ti lahir, lahir batin migoesti moal dek samar.

Tjing atoeh gamparan mangga abdi njoehoenkeun noe pasti, sing aja tjekeleunana, moen jaktos dek moelih deui, gamparan abdi alim, ditjandak soempoet salindoeng, teraag ge moal bedang, moen goes ti palaj disanding, sareng narah oepami didamel gadang.

Telef. Adm. 1520

Djoeal beuli

Pasar beas di Batawi.

Batawi 10 Januari 1935.
(Ti Makelaarskantoor Wesse ink & Dijkhuis):

	sapikoe
Saigon: Longgrain e.k. Batavia ditawarkeun	f 3,80
Bangkok: Ketan no. 1 e. k. Batawi ditawarkeun	„ 4,60
Krawang: fr. wagon Krawanglijn: (noeroetkeun kwaliteit djeung tempat ngirimkeun):	
Peupeus Koelit boeloe, Jan. nom. f 3,55	„ 3,60
Moerag Boeloe, Jan. ditawarkeun	„ 3,80
Moerag Boeloe Jan. fr. wg. Lemahabang ditawar keun	„ 3,85
Huller Boeloe, Jan. ditawarkeun f 4.10	„ 4,30
Slijp Boeloe, Jan.nom. ditawarkeun f 4,25	„ 4.30
Peupeus Koelit jere, Jan. nom.	„ 3,30
Peupeus Koelit Tjere, Jan. fr- wag. Lemahabang nom. bitawarkeun	„ 3,45
Moerag Tjere, Jan. nom. ditawarkeun f 3.50	„ 3,65
Huller Tjere, Jan. nom. ditawarkeun	„ 3,70
Tjigombong: franco vrachtauto P: Senen:	
Beas Machine No 1, Jan. ditawarkeun	„ 5:15
Beas Kapala P.M. Jan. ditawarkeun	„ 6.—
Gadok: fr. vrachtauto Pasar Senen:	
	per 10 gant.
beas kapala T.B.K., Jan. ditawarkeun	f 5,10
Tjiandjoer: fr. wagon Tjiandjoer:	
	p. p.
Slijp Boeloe Kapala, prompt ditawarkeun	f 5,80
Slijp Boeloe No 1, prompt ditrwakeun	„ 4.80
Indramajoe: franco wag. Djatibarang:	
Peupeus Koelit Tjere, Jan. nominaal	„ 3.40
Moerag Tjere Jan. nominaal	„ 3,50
Huller Tjere, Jan. nominaal	„ 3.65
Slawi: fr. paraboe Tegal	
Lolosan Tjere, Jan. nom.	„ 3.90
Slijp Tjere, Jan. nominaal	„ 4,15
Slijp Boeloe 25/30°/₀ peupeus Jan. nom.	„ 4,60
Slijp Boeloe 25°/₀ 30°/₀ peupeus Mrt./April diwarkeun	„ 4,10
Slijp Boeloe 15 pCt Peupeus Jan. nom.	„4,75

HARGA-HARGA PARE

Di wewengkon Krawang:	
Pare boeloe	„ 2.10
Pare Tjere	„ 1.80
Di wewengkon Tjikampek:	
Pare Boeloe	„ 2.18
Pare Tjere	f 1.00
Diwewengkon Slawi:	
Pare boeloe fr.fabriek f 2.25/	„ 2.30
Pare Tjere f 175/	„ 1,90
Diwewengkon Tjiandjoer:	
Pare boeloe (fr. fabriek)	„ 2.40
Diwewengkon Tjigombong	
Pare Boeloe	„ 2 35

Harga beas di soedagar leutik di Batawi

	p. p.
Ketan Bangkok	f 5.—
Ketan Java	f 4.60
Longgroin	f 3.90
Beas kapala Tjiandjoer	f 6.40
Beas Machine Tjiandjoer	f 5.40
Slijp boeloe Krawang	f 4.90
Huller boeloe Krawang	f 4 50
Huller Tjere Krawang	f 4.25

Pasar Betawi.

Kaajaan pasar kamari djeung mangkoekna, ngan aja kadjadian saoetak-saeutik bae sedeng harga harga djadi maroerah deui, ngan aja sawatara barang noe mahal meueusan teh. Sabab hargana di Amerika djeung di Europa nja kitoe keneh.

Tipoeng tarigoe: harga tetep henteu aja bedana djeung katoekang, pasrna oge robah.

Minjak kalapa: hargana tetep pasarna oge saperti biasa.

Cironilla: hargana beu nang diseboetkeun taja pisan ro bahna. Pasarna teu sakoemaha ramena. Contract A lev. Dec. djeung Jan. Maart 1935 noe na war 0,76 noe ngadjoeal netep keun hargana 0,76, lev. April Juni nom: 78 djeung lev Juli Dec. 0,85.

Copra: Pasarna masih keneh tetep hargana taja robahna: Goela: Harga tetep, pasar na teu aja robahna, noe sadia har gana f 5,— djeung f 5.10

Karet: hargana naek pasarna henteu aja robahanana. Standaard Sheet djeung Standaard Crepe lev. Dec. Jan. nom. 0.19¹/₄

Pedes hideung: Lampoeng hargana aja meueusn sarna teu aja noe djadi Lev. Dec. djeung Jan-Maart noe rek meuli nawar f 18,50.

Pedes bodas: pasarna sepi pisan sedeng hargana oge tetep. Lev. Dec. djeung Jan.-Maart 20. f 58.

Kopi Rabusta Palembang: hargana masih tetep pa. sarna sepi. Lev. Dec. djeung Jannom. f 9,50

Beas: pasarna teu aja robah na, hargana tetep sakoemaha bia sa. Beas Huller f 4— djeung f4,10.

Minjak tanah: hargana masih tetep.

Atji sampeu: hargana tjan aja.

Katjang kadele: hargana naek meueusan pasarna tetep.Noe sadia hargana f 4.40 djeung f4.45

Djambe: pasarna tjan aja

Kagegelan ti Poelo Nieuw-Caledonie.

(Samboengan).

Koemaha oerang Djawa teh ka hiroepanana sapopowe?

Barisaeun hiroep tjara di lemboerna?

Barisaeun silih andjangan ata wa ririoengan waktoe Lebaran djeung salianna?

Koeli-koeli noe digawe di kota mah barisaeun; ngan anoe di pakampoengan henteu, sabab tempatna antjal-antjalan djaraoeh toer satempat-tempatna djele mana teu pati loba.

Djoemblah koeli noe paboeren tjaj di pakampoengan teh kira-ki ra aja 2500.

Ti hidji tempat maranehna hen teu gampang bisa datang ka tem pat sedjen; teu aja djalan; teu aja toetoempakan; djadi katjida langkana koekoempoelan djeung pada batoerna teh.

Koeli-koeli Djawa tea agamana kabeh Islam, tapi kaajaanana teu tjara di poelo Djawa, teu ba roga kapala desa djeung amilna. Anoe katjida perloena amil, nja eta poerah ngawinkeun.

Ajeuna mah maranehna ana ka win „dibawah tangan" bae, kitoe deui noe njerahkeun djeung noe ngaroedjoe.

Dina waktoe kapapatenan maranehna boga rasa teu aja noe ngoloktan, kitoe deui dina wak toe njoenatan boedak.

Pendekna hal perloena aja amil, koe maranehna katjida karasaeunana.

Kapala arbeidsinspectie di dieu baris ihtiar, soepaja ti poelo Dja wa aja noe daek dikirimkeun ka poelo Nieuw-Calodonie, baris di djieun amil di dinja.

Pamarentah djeung tanah-tanah kontrakan di dinja koedoe ngajakeun doeit pikeun eta kaper loean.

Ari oerang Parasman lolobana teu daraek ngamjahokeun kana adat-adat Djawa.

Patalina oerang Djawa kana hal wajang djeung gamelan oepa mana, oerang Parasman teu nja rahoeun.

Ajeuna di poelo Djawa geus njadiakeun wajang doea parangkat katoet gamelanana, kirimkeu neun ka poelo Nieuw-Caledonie.

Lantaran taja bahanna geusan njoemponan kana kahiroepan tjara di lemboerna asal, oerang Djawa kapaksa naroeroetan adat di dinja. Tapi djeung oerang Arab mah, nadjan saagama oge, oe rang Djawa teu bisa loma.

Oerang Djawa anoe boga pamadjikan ka oerang dinja (bang sa Kanaka), loba oge.

Ari bangsa Kanaka teh sabang sa oerang Papoea. Daredeg djeung goembira.

Maranehna tatjan resepeun ka na digarawe tetep.

Karesepna djadi matros atawa digarawe di palaboean djeung di tempat anoe rame.

Koe oerang tangtoe katimbang jen maranehna keur kaperloean hiroepna, teu koedoe digawe pa teh poso. Laoet djeung waloengan waloengan (poelo Nieuw-Caledo nie waloenganana loba) di dinja laoekna loba katjida; leuweungna loba mentjekna, boro eun sapopowe.

Pendekna sagala gampang.

Ari njaliarna doeit ngan saka dar tjoekoep bae keur meuli pa pakean djeung perhiasan.

Koe sabab eta, nadjan bangsa Kanaka teh koerang leuwih aja 17.000, pikeun paoesahaan gede mah teu meunang henteu di poe lo Nieuw-Caledone koedoe aja koeli-koeli ti tempat sedjen. (Ph)

(Samboengan).

BEWARA HOOFDBESTUUR.

— . Patali sareng bade kaloearna boekoe —

HERINNERINGEN VAN P.A.A. DJAJADININGRAT"

hidji boekoe anoe pikeun oerang Soendajmah, teu kinten penting eusina. Hoofdbestuur Pasoendan ti nga witan ajeuna tinsa nampi bestellingen koe perantaraan Bestuur Tjabang, nganggo pembajaran anoe enteng. Pangaos compleet djilid I sareng II f 20.— tjitjilan 10 × f 2.—

Enggal pesen bilih seepeun margi pangaos di boekhan del mah f 25.— contant.

HOOFDBESTUUR „PASOENDAN"

Firma TAN TJOEI GIN
Dames en Heeren Modemanufacturen
DALAM DALEM 50 BANDOENG.
Telefoon 1150

Bandoeng den 3 November 1934.

Directie dagblad "Sipatahoenan"
Bandoeng.

Toean,

Dengen senang hati kita menerangken,bahoea kita moewatken advertentie dalem toean poenja soerat kabar dengen mendapet hasil jang menjenangken.

Kita bisa poedjiken aken saoedatoe orang dagang jang ingin madjoeken perniaga'annja,aken moewatken advertentie dalem toean poenja soerat kabar.

Tertinggal banjak tabe,
p.p. TAN TJOEI GIN

RATOENING LOETJOE,
RADJANING BAGDJA.

Naon tea?

Moal ditjarioskeun pandjang, moeng oelah lali engke dina wengi Senen ping 13/14 sasih ieu, soemping ka Societeit Concordia Bandoeng, ningali wajang Karaton Djokjakarta.

Nembe ajeuna bae bade dipintonkeun di tanah Pasoen dan teh, da tara kaloear ti karaton tea.

Abong oepami teu palaj oeninga teh, toer teu mah ke kenginganana oge keur derma ka Comite Kaoem ngang goer di Bandoeng.

Oelah lali!

Pangaos kartjis, klas I f 2.—
klas II f 1.—
klas III f 0.30

Dinten Saptoe sareng Minggoe endjing ngitjal kartjis ti pajoen ti taboeh 8 doegi ka taboeh 10.

Dina sasih Siam oelah milari barang noe **Kwantiteit**
Tapi salamina kedah milari noe **Kwaliteit** sapertos:
Roepi-roepi sindjang atanapi saroeng batik, kaloearan Banjoemas, Djocja, s.s.t.
Roepi-roepi tinoen Garoet, Soerabaja, Palembang, Samarinda s.s.t.
Pangaosna ditanggel njoegemakeun, sanaos meser ketengan atanapi codian, oetamina sae boektoskeun bae ka:

Toko Batik ALBANAWI
Soeniaradjaw. No.67—Bandoeng

Sadjabina ti eta, oge ngitjal roepi-roepi briliant anoe parantos djanten. 23

IE HIEN & Co.

Rywielhandel, Onderdeelen & Reparatie - atelier

A.B.C.-straat No. 5 (pajoeneun Apotheek De Vijzel) — Bandoeng.

Salamina njajagikeun roepi - roepi merk karetamesin wedalan fabriek EUROPA, pangaosna mirah. Tiasa oge koe nganggo pambajaran huurkoop kalaja enteng. Djabi ti eta sajagi veer gramophoon roepi² oekoeran.

Moeng f 1.70
dag.Sipatahoenan

PANGAOS TEU KINTEN TOEROENNA ! ! ! !

Kanggo njoemponan kana kaajaan sakieu sesahna, ajeu na pangaos landong-landong oge ditoeroenkeun, sapertos

Boorwater 1/2 flesch f 0,10 — 1/1 flesch f 0.15.
Burow water (oplossing) f 0.10— 1/1 flesch f 0,15
Gedestileers water f 0.10.
Kapas No. 1 f 0,10; f 0.15; f 0,25; f 0,55.
Verbandgaas f 0.05; f 0.07; f 0,10; f 0,12 f 0,15
Clin No. 1reo f 0,25 sabotol ageung
Limonade purgatieve f 0,35 sareng saterasna.

Kanggo recept - recept oge toeroen dina pangaosna, kwaliteit ditanggel sami. Oepami salamina ngagaleuh ka Roemah Obat EUREKA, matak oentoeng! 16

Apotheek EUREKA

Pasar-Baroe 19 Gr.Postw.69
(Sabeulahna Toko VISSER
Filiaal Pasir Kaliki 48
BANDOENG

PALAJ OENINGA

naon kapentingan dina Agama Islam?

Gampil langganan bae

AL - MA WA 'IDZ

Serat kabar Agama Islam minggoean.

Alamat: MANONDJAJAWEG, TASIKMALAJA

KANTOREN:

R. Idih Prawira di Poetra

RECHTSKUNDIGE

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
Oeroesan: Civiel, Crimineel, sareng sadjabi ti eta

Hoofdkantoor di Garoet:
Regolweg No. 2

Bijkantoor di Tasikmalaja:
H.A. Masdoeki, Djadjawajweg No. 4

Bijkantoor di Bandoeng:
G. Tjikapoendoeng 176/13C.

Bewara Hoofdbestuur

Koe margi taoen ieu parantos meh seep, Hoofdbestuur pikeun leden Pasoendan, sareng noe sanes, parantos njajagikeun:

Wandkalender taoen 1935

Para Djoeragan Bestuur Tjabang disoehoenkeun soepados ti ajeuna kersa ngamadjengkeun nampi sareng nerasken bestellingen ka Secretariaat Hoofdbestuur.

Pangaosna eta wandkalender

f 0.50

Hoofdbestuur PASOENDAN

Dokter SOENARIO SARWONO

REGENTSWEG 15 — TELF. 996 — BANDOENG

Sanggem ngalandongan sanes-kanten panjawat, maradiian sareng ngoeroes noe babar, njepitan moerangkalih.

Waktosna nampi tamoe: 7 — 9 endjing², 4.30 — 6 sonten

Dinten Minggoe sareng dinten noe dimoeljakeun noemoetkeun perdjangdjian Kenging disaoer wajah koemaha bae ka boemi.

DRUK. TJAHJA-PASOENDAN

GROOTE-POSTWEG OOST 123 TEL. 1520 – BANDOENG

FILIAAL:

DRUK. TJAHJA-PASOENDAN

PEKIRINGAN No.88 – PASAR BALONG – CHERIBON

Nampi saniskanten kaperloean Drukwerk ngawitan ti formaat alit doegi ka noe pangageungna. Soemangga deugdeug! ! ! ! ! Koe djalan sakali ngadamel pertjobian tangtos:

SOEGEMA! — POEAS! — BINGAH!

Kasoegemaan, kapoeasan sareng kabingahan teh teu aja deui kadjabi ti kedah nga boektoskeun soemping ka adres diloehoer

MOTTO LEUWIH MAHAL PADAMELANANA TAPI LEUWIH MOERAH HARGANA

AGENT-AGENT „SIPATAHOENAN".

Publiciteitskantoor „DE GLOBE", N.Z.Kolk 19
AMSTERDAM.

Secretariaat N.V.V., Amstel 244
AMSTERDAM.

„PERS-BERICHTEN", 2e.Jan v/d Heydenstr. 107B.
AMSTERDAM.

Secretariaat „KAOEM MOEDA INDONESIA", Tasmanstraat 56.
DEN HAAG.

Best.Perhimpoenan „INDONESIA RAYA", Sharia Amir Farouk
D. CAIRO.

AHMAD, Joo-Chat Road 180
SINGAPORE.

OEMAR ALI p/a DATOE' di NEGRI, Boenian
PAJAKOMBO.

Publicit skantoor „DE GLOBE", Rijswijk 7b.
BATAVIA-C.

R.A.KARNA, Petodjo G. Entjlek VII No. 226
BATAVIA-C.

NITI SOEMANTRI, Spoorlaan
SOEKABOEMI.

Best. „Pasoendan" tjabang
TJIMAHI.

H.A. MASDOEKI, Djadjawajweg
TASIKMALAJA

MOH. ALKORI, Pakaoemanweg
TJIAMIS.

Best. „Pasoendan" tjabang
TJIREBON.

BESTUUR „PASOENDAN"
Kaoetamaan Istri schoolweg 12 Regol
GAROET.

LEBETAN ADV.

SIPATAHOENAN

Tangtos aja mangpa'atna, Ageung hasilna.

LOTERY ARTOS

Lotery Beureum Hoofdprijs *f* 100.000 anoe kenging 267 prijs-prijs.
Lotery Bodas Hoofdprijs *f* 50.000 anoe kenging 562 prijs-prijs.

Hojong beunghar? Kintoen artos per postwissel 1 lot *f* 11.35, ½ lot *f* 6.10, ¼ lot *f* 3.50.

Aannemers Bureau

— D. SIHOMBING & Co. —
Hotel „Oranje" Kamer 8 —
BANDOENG.

N.B. Salamina nampi padamelan: Ontwerpen, uitvoeren, Herstellen boemi alit sareng ageung. Toko, Kantoor, Fabriek, Hotel, Schoolgebouw s.d.t.
No. 1.

Moeng f 1.70

dag.Sipatahoenan

TIDA PENJAKIT PEROET LAGI!

Kombali djadi sehat, merasa seger 100%, dapetken lagi kesenangan idoep seperti doeloe, inilah kasoedahan jang baek dari pangobatan dengen TIGER BALASHIN SAI Sakit peroet dan ganggoean oetjoes selaloe bisa ditjegah sabegitoe lama masi terdapet BALASHIN SAI, BALASHIN SAI jang tambah napsoe makan dan bikin makanan gampang antjoer di peroet! Toean poenja persediahan obat-obatan di roemah ada tida lengkep zonder

BALASHIN SAI BOEAT PENJAKIT PEROET

ENG AUN TONG, MOLENVLIET W. 174, TEL. BAT. 1090

AWAS PERSENAN ——— AWAS LEBARAN

Oepami djoeragan - djoeragan bade baranggaleuh Perhiasan anoe marodel, mirah pangaosna toer nganggo PERSENAN oelah lali soempingan:

BRAGAWEG 41 BANDOENG

Ditanggel:
Berlian toelen
Potongan sae
Pangaos mirah
Persenan tangtos kenging

Nembe katampi DJAM (Lontjeng) model pang enggalna

Bim-Bam .... ngawitan pangaos 21.50
Westminster..... ngawitan pangaos f 32.50
Staandeklok ..... ngawitan pangaos f 65.—
Sadajana nganggo serat GARANTIE.

Oepami baranggaleuh ti TOKO pribados sareng njandak ieu advertentie tangtos diwoewoeh nganggo Persenan.
N.B. Oelah lali **goenting** ieu advertentie.

Hormatna Toko Mas Inten N.V. Handel Maatschappy

No. 1659.

DE CONCURRENT Juweliers

Bragaweg No. 41 Telefoon 6671 – Bandoeng

Malar soegema!

Koe margi eta, ngahadja pribados njajagikeun roepi-roepi koeweh noe sarae sareng raos. Geura mangga njobian soemping ka TOKO OLYMPIA di Moskeeweg No. 9 Bandoeng.

Ngaran koeweh-koeweh sareng pangaosna sapertos ieu noe disebatan di handap: noe dieusikeun kana blik, dipak sae pisan.

	1 ponds	2 ponds		1 ponds	2 ponds
Marie	f 0.40	f 0.70	Mignon	f 0.45	f 0.80
Napoleon	f 0.40	f 0.70	Demilune	f 0.45	f 0.80
Picnic	f 0.40	f 0.70	Petit Beurre	f 0.50	f 0.90
Paris	f 0.40	f 0.70	Super	f 0.50	f 0.90
Combination	f 0 40	f 0.70	Gem	f 0.35	f 0.60

Eta sadajana koeweh-koeweh noe kasebatan di loehoer teh, tiasa oge ngagaleuh katian, noe sakatina moeng f 0.40.

Sanes sae kangge papaes medja bae, keur ngahormat tatamoe, nanging raosna oge sesah babandinganana. 2

Noe ngadjeng-ngadjeng kalajan kahormatan

TOKO OLYMPIA

Moskeeweg — No. 9 — Bandoeng

NOE NGAGALEUH KANGGE ITJALEUN DEUI, KENGING RABAT SAE PISAN

„SIPATAHOENAN"

No. 8 — 12 Januari '35 — Saptoe — 6 Sjawal 1353 Th. ka XII

LAMBARAN KA — III

Pamingpin djeung elidna.

Dina salah sahidji groep (kalangan), kaoem, Maatschappy, bangsa dj.s.t., anoe tangtoe tea aja pamingpinna.

Ieu pamingpin koedoe ngadjaga kaamananana si groep, kaoem dj.s.t ngalawan sakabeh bahaja anoe sok nempoeh golongan manehna.

Pamingpin koedoe bisa ngabereskeun karotjetan, katjektjokan di antara elidna make kaadilan.

Katjida salahna, dosana anoe djadi pamingpin sok api-api teu njaho lamoen aja kadjadian nanon bae dina pingpinanana.

Katjida beuratna pagawean pamingpin?

Loba pamingpin anoe teroes-teroesan ngoeroeskeun elidna, nepi ka pagawean (kaperloean) badan sorangan teu bisa dipigawe.

Loba pamingpin-pamingpin anoe djadi malarat, koe lantaran ngabela anoe dipingpin. Masing nepi ka kitoe oge si pamingpin teh henteu ngarasa soesah reudjeung dirasakeunana teh senang bae, sabab manehna boga pikiran: „Hidji satria moal moendoer tina medan, oepama tjita-tjitana tatjan katepi, sanadjan nepi ka paeh, moal eureun, ngichtiarkeun daja-oepajana.

Hidji pamingpin anoe kitoe tabeatna, anoe henteu sieun koe djoerang (reactie) elid-elidna wadjib ngahormat manehna djeung wadjib males goena malikeun pingpinanana.

Koemaha malesna teh?

Roepa-roepa, tapi beunang diboeleudkeun, pigawe sagala sjarat-sjarat djeung atoeran-atoeran anoe geus ditetepkeun koe salah-sahidji golongan.

Sakoer elid koedoe ngabantoe pagawean pamingpinna sing soson-soson.

Oepama kitoe tangtoe tjita-tjita oerang bisa katepi.

Saheulaanan elid ngabantoe pingpinan koedoe inget djeung ati-ati nilik koemaha kaajaan pamingpin, oelah serong (make haloean sedjen) atawa eureun di tengah djalan.

Pamingpin koedoe dima'loem oepama aja kasalahan atawa naon bae tina hal pingpinan, sabab si pamingpin oge manoesa, anoe sok keuna koe poho djeung tiilaka.

Hal ieu elid koedoe ngingetan oelah ditjarekan atawa dipojok, djeung teroes kaloear tina kalangan.

Elid anoe kitoe teh katjida ngoembar hawa nafsoena. Pikiran boeboedakeun (adat) koedoe dipitjeun, saperti sok gamtjang ambek.

Djelema anoe geus sawawa, anoe loehoer boedina (pandjang pikiran), tangtoe teu aja halanganana mere ampoen ka sedjen djalma anoe boga dosa kakara sakali. Komo oepama anoe boga dosa tea hidji pamingpin atawa kaomna anoe geus lila tjampoer gaoel, anoe loba djasana dina salah sahidji lingkoengan.

Paribasa „Halodo sataoen lantis koe hoedjan sapowe", koedoe didjaoehan. Oelah sok nginget-nginget kadjahatan anoe sedjen, oepama kitoe saroea gorengna. Anoe djahat koedoe dibere nasehat.

Oemoemna, oepama pamingpin anoe tadina loba djasana, anoe oedjoeg-oedjoeg keuna koe halangan, biasana anggotana sok kaloear tina kalangan djeung sok ngamoesoehan djeung njarekan, ngagogoreng si pamingpin tea, henteu ngingetkeun kana djasana.

Elid anoe kitoe pikiranana katjida gorengna.

Sanggeus kaloear tina eta koempoelan djeung pingpinan, elid tea teroes neangan pingpinan anoe sedjen, djeung njieun perkoempoelan anjar, anoe tjeuk pikiranana soepaja poeas.

Bisa kitoe pamingpin anjar teh mingpin perkoempoelanana reudjeung elidna kalawan beres?

Pamingpin anjar teh leuwih pinter ti pamingpin heubeul?

Tjan tangtoe. Bisa djadi leuwih pinter, bisa djadi leuwih bodo, bisa oge djadi anoe sok ngaroeksak.

Hade neangan kahadean reudjeung neangan kaoentoengan, tapi koedoe djeung hate anoe sabar, oge keur pamingpin-pamingpin, oge keur pamingpin-pamingpin, oelah noeroetkeun panas hate.

Oepama aja anoe mojok atawa koemaha bae, tarima djeung kasabaran.

Djawab, mana anoe perloe, anoe sakirana bahaja keur kaamanan djeung kahormatan perkoempoelan oelah noeroetkeun kahajang sorangan.

Djalankeun sakoemaha anoe di poetoeskeun koe perkoempoelan, kadjeun teuing aja anoe ngahalang-halang ti sedjen fihak, masing nepi ka ditjarekanana, oelah leutik hate, eta koedoe dianggap hidji reactie dina medan pangbalapan.

Kasabaran di dieu hartina lain pamales atawa teu aja pangharepan.

Ichtiar teroes, oelah roesoeh make kakoeatan tanaga (zelfhelp), djeung kabeneran.

Tapi koemaha pergerakan di oerang anoe galalede, koemaha pamingpinna djeung elidna?

Koemaha tjampoer gaoelna elid-elid djeung pamingpin-pamingpin atawa sabalikna?

Sok loba pamingpin anoe tara tjampoer gaoel djeung elidna, sabab manehna ngarasa loehoer ka pangkatanana. Da ari si elid anoe handap pangkatna mah, moal wani koemawani ka si loehoer tea.

Anoe leutik teu bisa ngamimitian tjampoer gaoel, oepama henteu dimimitian koe noe gede.

— (M) —

Nagaradeungeun

H. O. S. Tjokroaminoto.

Koemaha anggapan ti nagara deungeun kana poepoesna Djoeragan H.O.S. Tjokroaminoto, Madjlis Pers Party S.I. Indonesia, ngawawarkeun saperti noe dimoeatkeun di handap:

Perhatian Doenia Islam diloear Indonesia akan wafat Ketoea Jang Oetama H.O.S. Tjokroaminoto.

Telah sampai kepada Pemangkoe Dewan Party Ketoea Hadji A. Salim soerat dari pada P.I.R. (Perhimpoenan Indonesia Raja) di Mesir, jang terdiri dari pada bangsa kita dari Indonesia dan Malaya, memberitakan bahwa telah sampai kepada mereka berita wafat Ketoea Jang Oetama H. O. S. Tjokroaminoto dengan soerat post oedara.

Maka dengan sekoetika dan dengan giatnja melakoekan beberapa perboeatan berkenaan dengan wafat Ketoea Al-Marhoem itoe.

Berita itoe segera disiarkan kepada sekalian poetra Indonesia dan Malaya di Mesir dan dimasoekkan dalam soerat-soerat kabar El-Ahram, El-Djihad dan El Balagh.

Dan dengan soerat dima'loemkan kepada El-Sayid Mochmad Amin al-Hoesaiyni, moefti di Bayt-al-Maqdis (Jerusalem) dan pemimpin Comite Oemmat Islam dengan permintaan soepaja disembahjangkan ghaib di Mesdjid El-Qods.

Laloe telah disembahjangkan ghaib didalam mesdjid El-Azhar dan sebahagian didalam mesdjid El-Amr.

Dan diadakan pembatjaan Quran pada petang Djoem'at di Nadi (club) Pemoeda Indonesia Malaya. Dan dipoetoeskan poela bahwa akan diadakan rapat pernjataan wafat Al-Marhoem Jang Oetama itoe pada 20 Sjawal 1353 malam, ja itoe pada tjoekoep 40 hari kematian itoe.

Kita mengoetjap sjoekoer kepada ALLAH akan perhatian saudara-saudara diloear negeri itoe, jang memboektikan ketegasan persatoean persaudaraan Islam.

Moedah - moedahan saudara Moeslimin Indonesia disini tidaklah koerang penghargaan akan ke Oetamaan saudara Ketoea jang Marhoem itoe adanja.

Orang-orang jang datang kepada P.R.I. boeat mengoetjapkan kedoekaan ja itoe sebagai berikoet:

1. El Oestaz Ali Saroer El Zankaloeny, seorang Alim di Azhar.

2. El Oestaz Muhibuddin El Khotib, Eigenaar soerat kabar El-Fath.

3. El Oestaz Husen Eff Hasan Mohamad, Goeroe di Sjubro Secondary School.

4. Abdel Hamid Eff El Sayid, seorang kenamaan.

5. Moh. Ramzy Nazim Eff, Redacteur soerat kabar El-Balagh.

6. Moh. Aly Husain, atas nama Poetra India.

7. El Oestaz Moh. Abdel Latif, Goeroe di Azhar.

8. El Oestaz Moh. Aly Tohir, Eigenaar soerat kabar El-Sjoero.

9. Dr. Stanislaf Corfin, seorang Moeslim bangsa Pool, ex.-Secretaire-Generale d'Orientale Institut Warshau.

10. Moh. Subhy El Attor, seorang ternama.

11. Mahdy Mohamad, atas nama stoeden-stoeden di Azhar College.

12. Abdullah Nafawy, atas nama moerid-moerid Ismadijah Secondary School.

13. Mohamad Ismail El Tolhaty, atas nama moerid-moerid Handelsschool.

14. Oemar Ahmed Bawazir atas nama Poetra Arab Hadramaut.

Kamerdikaan Filippijnen.

Sakali Filippijnen merdika. Filippijnen tangtoe ngadjaga basisirna.

(Mr. Manuel Quezon).

Sababaraha kali dina ieu soerat kabar nerangkeun koemaha kaajaanana nagara anoe kaseboet di loehoer, babakoena anoe matak pandjang katjatoerkeunana teh, sabab ieu nagara moal sakoemaha lilana deui bakal lesot tina djadjahanana Amerika-Sarikat.

Noe djadi pamingpinna geus katjeloek ka awoen-awoen - kakontjara mantjanagara, nja eta *Mr. Manuel Quezon.*

Koemaha kabidjaksanaanana djeung kaloehoengan salira andjeunna, di dieu henteu koedoe pandjang diterangkeun deui, da poegoeh pikeun di Filippijnen mah, andjeunna teh hidji hakim anoe loehoeng, anoe dianggap koe rahajatna djadi memimpin pangloehoerna, tembong kanjaah djeung kadeudeuh andjeunna ka anoe djadi bangsa djeung lemah tjaina.

Tjindekna nja andjeunna pisan di mana leungit bandera Amerika diganti koe bandera kabangsaan anoe bakal ngamoedi djeung ngaheujeuk dajeuh ngolah nagarana teh, ngoeatkeun sakoer kaajaan anoe aja di basisir djeung teloek Manilla.

Koe kitoe tea mah, boro-boro di nagarana, kawentarkeun djenengan andjeunna teh, anoe tjatjah djiwana aja 14.000.000, tapi oge djadi tjatoer di nagara sedjen.

Andjeunna hidji politicus djempol anoe apal kana koemaha kaajaanana Pacific Laoetan Tedoeh). Koe sabab kitoe, tinangtoe pisan andjeunna teh djadi hidji pamimpin anoe katjida dihargaanana.

Pandjang teuing, lamoen nerangkeun teteroesan tina kaajaan andjeunna, tapi ajeuna mah oerang nerangkeun koemaha kasaoeran andjeunna waktoe diinterview koe salah saoerang wawakil pers Amerikaan.

Noe pangheulana djadi pertanjaan ti wawakil pers teh, nja eta koemaha anggapan andjeunna tina perkara perang anoe bakal kasorang, pedah ampir di saban madhab geus sasadiaan parabot anoe sakitoe lengkepna.

Kana eta pertanjaan teh andjeunna geus nerangkeun kieu:

„Ajeuna beunang disebboetkeun di sakoeliah doenja, keur sasadiaan njadiakeun parabot perang, malah nja hebatna mah dina waktoe anoe ka beh dieunakeun. Malah boekti di opat madhab ajeuna katembong sakitoe nepotna ngoeroeskeun tina eta perkara teh.

Sakoer balatantara, boh anoe di daratan, nja kitoe deui anoe aja di laoetan, kabeh ditohagaan, tjindekna sakoer paparabotan ti na bagian peperangan kabeh dibereshan djeung diajakeun deui anoe satoejoekoepna.

Soldadoe djeung kapal-kapal anoe aja dina pendjagaan laoet ieu oge nja kitoe keneh bae.

Anggapan-anggapan tina oeroesan politiek djeung economie itoe djeung ieu pada pertengkaran, pasalia paham mareboetkeun bebeneran, malah antara bangsa reudjeung bangsa deui henteu koerang-koerang kahebatanana mareboetkeun kitoe djeung kieu, malah an anoe hajang ngahidjikeun mah soepaja aja dina karapihan, beunang diseboetkeun katjida pisan arangna.

Kaajaan dina waktoe ieu tetela katjida pisan kaloetna. Tapi bisa djadi anoe matak koering bisa nerangkeun kitoe teh, dina alam ka toekang koering katjida pisan optimistischna.

Koe anggapan ajeuna mah, sagala oge dianggap babari bae, anoe matak koe kadjadian kitoe, ajeuna mah koering bisa diseboetkeun sabalikna ti bareto nja eta pessimistisch, atawa anoe leuwih tetela koering bisa diseboetkeun hidji *realist*.

Koe kaajaan anoe katembong kitoe boektina tea, pikeun koering henteu matak ngadjadikeun kahandjakalan atawa halangan kana sakoemaha pamaksoedan koering, ngan moegi-moegi bae paningal djeung pikiran koering kitoe teh henteu kaliroe.

Tapi oelah poho deui, jen anoe djadi staatsman teh henteu bisa netepkeun politiekna dina pangharepan bae."

Koe ajana katerangan ti Mr. Manuel Quezon kitoe, oemoem bisa ngira-ngira, jen andjeunna teh hidji pamimpin anoe geus katjida ngoeningakeunana kana kaajaan politiek doenja anoe ajeuna sakitoe ngagolakna. Tjindekna andjeunna teh geus oeninga kana bagian politiek anoe pangdjero djerona. Koe kitoe tea mah moal enja djadi kapertjajaan ti djelema anoe sakitoe lobana toer dianggap anoe katjida pentingna. Andjeunna hidji pamimpin anoe nengetkeun kana ajana politiek internasional. Malah bisa kataksir na kaoeningana djeung wawanenna teh nja eta dina waktoe diajakeun pertanjaan deui anoe maksoedna mangsalempangkeun koe kaajaan tanah Filippijnen, lamoen koerang kasantosaanana djeung kakoeatanana

Dina pertanjaan anoe kadoea, wawakil pers teh geus naroskeun kieu:

Koemaha kaajaan mamanahan Toean, ngantet djeung ajana eta oeroesan teh.

Noe aja dina ingetan koering, waktoe ieu aja dina toedjoean, nja eta ngoeatkeun politiek economie djeung balatantara militer.

Oge, sadjaba ti kitoe teh, pikeun koering djeung sakoemna bangsa Filipino masih keneh aja waktoe pikeun ngadjalankeun ichtiarna anoe beres, sabab aja keneh waktoe anoe lilana 10 taoen deui.

Djadi koering bisa ngira, sanadjan aja kadjadian kitoe djeung kieu, dina waktoe anoe beh dieubeh dieu mah, Filippijnen tetep aja keneh dina bandera Amerika.

Koe kajakinan koering, lamoen Filippijnen aja keneh dina bawahanana bandera Amerika tangtoe moal ngadatangkeun ganggoean anoe matak teu senang pikeun rahajat Filipino.

Ngantet djeung kajakinan koering tina ieu oeroesan djeung saterasna, henteu aja deui anoe katjida diingetkeun koe koering mah salian ti tina bagian economie. Malah teteroesan tina bagian economie, baris ngajakeun perhoeboengan anoe katjida rapetna djeung Amerika.

Dina ieu perhoeboengan teh, lain bae soepaja ngadjadikeun rapet anoe loear biasa, tapi oge soepaja oelah ngadjadikeun saperti politiekna economie di sedjen tempat, antara nagara djeung nagara teh ngan njiar pikeun kaoentoengan woengkoel.

Tapi, anoe ditoedjoe koe koering mah, nja eta salian ti oentoeng teh, nambahan karaketan anoe loear biasa, dianggap collega djeung collega deui.

Tjindekna dina bagian kaoentoengan oge, oelah ngajakeun kaoentoengan pikeun sapihak bae, tapi pikeun doea pihakanana. Amerika koedoe kabagian kaoentoengan anoe saroea ngeunahna reudjeung saroea bagianana.

Pendekna djelema-djelema oelah salah ngarti, perang salilana teu aja atoeran djadjaloek. Koering teroes hajang njarita anoe pokona *business*.

Koering jakin, jen di nagara-nagara koering teh katjida pisan lobana bahan-bahan barang anoe Amerika salilana oge perloe make.

Nja kitoe deui sabalikna, di Amerika aja sababaraha fabrikant anoe koe ingetan koering katjida dipikaboetoehna koe Filippijnen.

Tina ngajakeun atoeran anoe dimaksoed koe koering sangkan ngeunah kadoea pihak tea, tangtoe bae moal kahajang koering sorangan, babakoena sateroesna tetep koedoe noeroetkeun djalanna politiek djeung economie.

Koe ajana paoesahaan-paoesahaan anoe galede modalna di Filippijnen, poegoeh bae ieu teh pikeun Amerika djadi hidji kadoedoekan anoe katjida pentingna pikeun di Pacific Koelon mah, koe sabab kitoe, anoe tangtoe bisa ngoeatkeun politiek diplomatiekna di sakoeliah Asia Timoer.

Koe ajana katerangan anoe kaseboet di loehoer, saroea djeung hartina jen Amerika Sarikat lamoen geus ngalesotkeun poelo-poelona anoe aja di bagian Filippijnen noeroetkeun pangartian juridisch — henteu matak ngadjadikeun deui tanggoenganana oeroesan pamarentahan. — Amerika tetep aja keneh di ieu poelo, dipandang tina bagian economie djeung moraal.

Koe ajana atoeran anoe saroepa kitoe, ingeten koering, tangtoe moal matak ngajakeun deui patjektjokan antara itoe djeung ieu, tjindekna pikeun di Asia Timoer moal aja kadjadian politiek anoe gontjang deui.

Nilik kana katerangan Mr. Manuel Quezon anoe kaseboet di loehoer, tangtoe oerang bisa ngira-ngira deui bae, jen andjeunna teh katjida pisan apalna djeung paham kana oeroesan anoe kaseboet di loehoer. Hartina andjeunna hidji djelema anoe lebar pamandanganana.

Atjan oge anggeus andjeunna nerangkeun koemaha djoedjoetanana oeroesan economie djeung nagarana, teroes andjeunna nerangkeun tina bagian politiek anoe katjida pisan pentingna.

(Tapi koe lantaran kakoerangan tempat, ajeuna mah kapaksa oerang toenda nepi ka dieu bae.

Katerangan Mr. Manuel Quezon tina bagian politiek, oerang teroeskeun powe Senen).

E.M.

PANGADJARAN PAMENDAK ANJAR

Noe di pambrib bade ngamadjengkeun bangsa priboemi, koe ngajakeun pangadjaran noe enteng karaosna koe salira sareng gampil ngahartoskeunana, margi ngemoetkeun kana padjamanan noe sakieu mala isena Istoening pribados ngahadja hojong ngadeudeul kana kamadjengan bangsa priboemi koe djalan ngajakeun pangadjaran: BREIWERK anoe teu kinten modelna kangge Boemipoetra saoemoemna. Noe langkoeng oetami sae soemping bae ka kantor pribados, ditampi saban dinten ti taboeh 8 doegi ka 1 siang sareng ti taboeh 4 doegi ka 7 wengi.
Bajaran dina sasasih moeng f 4.—

Kairing koe kahormatan Mevr. NAITO
26 Tamblongweg — 2d — BANDOENG

Ngadjalankeun praktijk ngawitan ping 1 December 1934:

Dr. Tan Kiat Boen

arts.

Merdika Lio 2 A Bandoeng, Tell. No. 461

Kanggo praktijk oemoem (panjawat moerangkalih, di lebet salira, koelit sareng njeri kahampangan) oge noe loeng ka djalmi noe bade babar.
Ngalandongan koe nganggo hoogtezon, solluxlamp sareng hoogfrequentie—apparaat.
Waktosna marios: endjing² 7 — 9 31
sonten 4 — 6
Nampi panggilah dina sambarangan waktos.

Serat ti Mekah

Sim koering parantos nampi serat ddo. 28 December 1934, ti djoeragan Sanoesi noe keur djarah ka Mekah—Madinah.

Doepi di Mekahna ngesehna di Abassijah bin Hadidjah Aboesahim.

Oge Seh Abassijah bin Hadidjah Aboesahim, ngesehna neraskeun iboe-ramana almarhoem.

Djoeragan Sanoesi parantos nerangkeun kieu: jen Seh Abassijah bin Hadidjah Aboesahim katjida noeloengna (njoegemakeunana) ka para djamaah-djamaah, oge ka djoeragan Sanoesi pisan.

Koe margi eta, oepami djoeragan-djoeragan sadajana kaoem Moeslimin, bade djarah ka Mekah—Madinah, oelah lepat moegi ngesehna kedah ka Abassijah bin Hadidjah Aboesahim di Mekah.
No. 1426.

Sim koering noe nampi serat

M. ENDJAR

Ketoe-Oedengmakery — Bandoeng.

Dokter H. Heerdjan

SIMPANGAN TJITJENDO — KEBON KAWOENG

TELEFOON 780

Saban dinten nampi noe bade lalandong

Endjing ti taboeh 7 doegi ka taboeh 9, sareng
Siang „ „ 4 „ „ „ 6. 18

WILOEDJENG BOBORAN SIAM

Koe djalan ieu sadaja personeel **TOKO De STIA**
Pr.Soemedangweg — Bandoeng

N j a n g g a k e u n S i l a t o e r a h m i moega samoedaja kalepatan dihapoenten lahir- batin.

Hatoer Noehoen.

Ka sadajana Djoeragan Istri pameget, anoe parantos ngaboektoskeun „Lebaran Opruiming" toko De STIA kalajan baranggaleuh roepi-roepi barang sapertos: Batikan, tenoenan, kopeah, Ketoe-oedeng sareng seueur-seueur deui. Sareng ngahatoerkeun pinten-pinten noehoen ka Djrg. anoe parantos miwarang ngadamel Ketoe-oedeng. Sawangsoelna disoehoenkeun kalajan sanget ka ka para Djrg. anoe henteu tiasa katampi kongkonanana, moegi oelah djanten bendoe. 14

Kasebatan salira langkoeng pangaosan tibatan kakajaan.

Oelah pondok emoetan, margi Tabib Jacob tiasa noeloeng
HATOER OENINGA!

Anoe nawis di handap ieu Tabib Jacob, asal ti Hindoestan matoeh di A.B.C.-straat 12A Bandoeng, koe djalan ieu nerangkeun jen pribados tiasa ngalandongan sagala roepi panjawat kalajan teu diboelak-dibelek (operatie), sapertos: *Ambeien, Loempoeh, Boöl, Asthma, Intjok, Gigindjel, Kasawat Goela, Gohgoj, Radjasinga, Tuberculose t.b.c., Ezceem (boedoeg, ateul sareng panjawat koelit sagala roepi), para istri teu roeseban atanapi noe teu tjotjog dina waktosna s.dj.t. Landong-landongna dipidamel tina akar-akaran, dangdaoenan, pepelakan sareng boeboeahan.*

Langkoeng oetami sae boektikeun koe andjeun, nja kitoe deui kasing saha anoe ngersakeun lalandong, tiasa njaoer kangge di lebak atanapi di loear kota, oge sanggem ngintoen koe Bestelgoed Rembours.

N. B. Kakiatan pameget disajagikeun landongna, sareng oepami ngaraos lintoeh palaj ngalitan salira, atanapi sawangsoelna sajagi landongna.

Salam baktosna.

TABIB JACOB

1642 A. B. C. — straat 12A — Bandoeng — Tel. 1091

—Perloe—

Ketoe oedeng

— Batik —

Poleng Pleket

Sloffen — Sandal Taroempah

moe Djawa tjampeer — Sari —

" Sportman — Tablet"

?

11

— Ketoe Oedeng Makerij —
Noord pasarstraat 1 Bandoeng

E. M. MOECHTAR

:— DJAMAN MALAISE —:

Dina waktos noe sakieu sesahna sadajana oge tangtos palaj ngagaleuh *PARABOT LISTRIK* nja eta noe *MIRAH, SAE,* toer HAT dianggona, sanes?

Oepami jaktos kitoe, oelah lali memeh angkat ka toko sanes teh, soemping heula ka *TOKO PRIBADOS.*

Sajagi roepi-roepi *PARABOT LISTRIK,* sapertos: lampoe-lampoe listrik, kap-kap lampoe tina glas nganggo kembang-kembang laloetjoe pisan, istrikaan listrik ti 150—350 watt, pamasakan listrik ti 250—450 watt, roepi-roepi *PARABOT RADIO* s.d.t., pangaos langkoeng mirah ti sanes-sanes toko.

Oge njewakeun lampoe-lampoe listrik katoet masangna kanggo dina hadjat (pesta), tampi beres ditanggel ngabingahkeun, pangaos badanten.

Harmatna,

TOKO WIKARTA

Groote Postweg Oost 142 (Ketapang) Bandoeng 20

DRUK. TJAHJA-PASOENDAN

GROOTE-POSTWEG OOST 123-TEL. 1520 — BANDOENG

FILIAAL:

DRUK. TJAHJA-PASOENDAN

PEKIRINGAN No.88 — PASAR BALONG — CHERIBON

Nampi saniskanten kaperloean Drukwerk ngawitan ti formaat alit doegi ka noe pangageungna. Soemangga deugdeug ! ! ! ! ! Koe djalan sakali ngadamel pertjobian tangtos:

SOEGEMA! — POEAS! — BINGAH!

Kasoegemaan, kapoeasan sareng kabingahan teh teu aja deui kadjabi ti kedah ngaboektoskeun, soemping ka adres diloehoer

MOTTO LEUWIH MAHAL PADAMELANANA TAPI LEUWIH MOERAH HARGANA

NGALEBETAN

ADVERTENTIE

dina soerat kabar

„SIPATAHOENAN"

tangtos mangpaat

ageung hasilna.....!

Bewara Hoofdbestuur

Koe margi taoen ieu parantos meh seep, Hoofdbestuur pikeun leden Pasoendan, sareng noe sanes, parantos njajagikeun:

Wandkalender taoen 1935

Para Djoeragan Bestuur Tjabang disoehoenkeun soepados ti ajeuna kersa ngamadjeugkeun nampi sareng neraskeun bestellingen ka Secretariaat Hoofdbestuur.

Pangaosna eta wandkalender

f 0.50

Hoofdbestuur PASOENDAN

BOEKHANDEL EN DRUK. M. I. PRAWIPA-WINATA

Oude Hospitaalweg 32 — (Filialen: Laksanaweg 2 — BANDOENG —

Almenak Buning 1935

Basa Malajoe — Basa Djawa

aja harepan kenging prijs ka I: Pere moenggah Hadji Prijs ka II: Djarah ka Madinah sareng bekelna f 200.—

Pangaosna moeng f 1.—

VOLKSALMANAK 1935.

Nganggo premie f 3000. 1ste prijs artos kontan f 1000
Aja 3 roepi: basa Soenda — Malajoe — Djawa.

Pangaosna moeng f 0.64

Almenak boelanan 1935

Njaeta almenak dingding, sadajana 12 lambar, nganggo taoen: Walanda — Islam — Tiong Hoa.
Pangaosna moeng f 0.25 21

Ongkos ngintoen VRIJ Kintoenkeun artosna ti pajoen

DAGANG . . . .

SARENG DAGANG KANTENAN SAMI

NAMOENG . . . .

Toedjoean padagang noe kantenan moal sami 10 Sapertos :

SALAMINA

Batikan, sindjang poleng, ketoe-oedeng, kopjah, pelekat soetra, samarenda s. s. t.

Ka noe baranggaleuh nampina kalajan kahormatan.

Barang-barang anoe diitjal kantenan model noe panganjarna.

Ngitjal barang sawios oentoeng saeutik, soepados seueur ngitjalna.

TOKO **HALIM**

Wester Passar - straat No. 16

nanggel tiasa njaosan, sakoemaha anoe kasebat diloehoer
MANGGA SAROEMPING!

Firma **TAN TJOEI GIN** Telefoon No 50
Dames en Heeren Modemanufacturen
PASAR BAROE 50 BANDOENG.

Bandoeng den 3 November 1934.

Directie dagblad "Sipatahoenan "
Bandoeng.

Toean,

Dengen senang hati kita menerangken, bahoea kita moewatken advertentie dalem toean poenja soerat kabar dengen mendapet hasil jang menjenangken.

Kita bisa poedjiken aken saben orang dagang jang ingin madjoeken perniaga'annja, aken moewatken advertentie dalem toean poenja soerat kabar.

Tertinggal banjak tabe,
p.p. TAN TJOEI GIN

Dokter SOENARIO SARWONO

REGENTSWEG 15 — TELF. 996 — BANDOENG

Sanggem ngalandongan sanes-kanten panjawat, maradiian sareng ngoeroes noe babar, njepitan moerangkalih.

Waktosna nampi tamoe { 7 — 9 endjing² / 4.30 — 6 sonten

Dinten Minggoe sareng dinten noe dimoeljakeun noemoetkeun perdjangdjian. Kenging disaoer wajah koemaha bae kaboemi.

+